

Gid Sekirite Kont Dife pou Restoran



**Vil New
York**
Fire Department
(Ponpye)

Bill de Blasio
Majistra

Daniel A. Nigro
Manm Komisyon pou zafè Dife

© FDNY – Tout dwa rezève
Vèsyon 1 | 2021.10

Sa Ki nan Liv la

ENTWODIKSYON	2
LIS VERIFIKASYON	6
EKSTENKTÈ PÒTAB	10
SISTÈM EVAKYASYON POU KIZIN	14
SISTÈM POU ETENN DIFE NAN KIZIN KOMÈSYAL.....	20
SISTÈM TIYO DLO	23
SISTÈM EKSTENKTÈ OTOMATIK	26
SISTÈM ALAM DIFE.....	30
SISTÈM REFRIJERASYON/CHOFAJ, VANTILATION AK KLIMATIZASYON.....	35
SISTÈM BWASON AN GWO KI GEN GAZ KABONIK.....	37
KOTE MOUN RASANBLE.....	41
FLANM DIFE VIF	44
ETABLISMAN KI VANN CHICHA KI PA GEN TABAK	47
EFÈ ESPESYAL	49
ESTOKAJ PWODUI CHIMIK KI DANJERE.....	51
LIS SÈTIFIKA APTITID KI GEN POU WÈ AK RESTORAN	54

ENTWODIKSYON

Byenvini nan Gid Sekirite kont Dife pou Restoran FDNY la. Objektif li se fè yon rezime prensipal sou egzijans legal ki aplike pou restoran ak lòt etablisman kote yo vann manje ak bwason. Gid sa a itilize mo “restoran” pou li reprezante tout etablisman kote yo vann manje ak bwason, epi/oswa yo disponib pou kliyan oswa kliyan yo konsome yo.

Kontèks “restoran” an nan Gid sa a gen ladan, men gen toujou:

- Restoran
- Kabare
- Ba
- Tavèn
- Nayklèb
- Bistwo ak ba enfòmèl
- Sal resepsyon
- Etablisman ki bay sèvis tretè

Poukisa FDNY bay Gid sa a? Poukisa se Kounye a li bay li?

Se paske li bay yon rezime efikas sou règleman enpòtan FDNY genyen ki aplikab pou restoran yo. Objektif la se minimize dife ak aksidan yo epi pwoteje lavi ak byen moun.

Gen anpil restoran ki ap retounen oswa gen nouvo ki ap lanse. Gid sa a ap sèvi yo kòm yon zouti itil pou yo ka reponn ak egzijans legal yo pandan yo ap fonksyone nan Vil New York.

Nou swete bonjan komunikasyon ant FDNY ak sektè restoran an ap kreye yon dialòg nan yon fason pou etablisman yo kapab fonksyone legalman epi san danje.

Kijan pou w itilize gid sa a?

Yo pale sou divès sijè nan gid sa a. Se pa tout sijè ki oblije aplikab pou restoran w lan. Ou ta dwe li sa ki nan tablo ki vini annapre a pou w deside ki egzijans ki ka aplikab pou ou. Sepandan, FDNY konseye ou li dokiman an nèt pou w konnen egzijans ki nòmalman aplikab pou restoran yo.

Tcheke sa ki aplikab pou restoran pa w la. (Si bagay yo pa klè pou ou, kontakte FDNY Business oswa yon pwofesyonèl konsepsyon ki otorize oswa yon kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife pou w jwenn klarifikasyon.

Verifye si li aplikab	Egzijans	Inite Enspeksyon nan FDNY	Sijè	Paj
✓	Etablisman ki vann manje komèsyal.	Chak Inite Enspeksyon nan FDNY	Ekstenktè pòtab	10
	Kizin mwen an gen aparèy pou kuit manje (recho a gaz oswa recho elektrik, aparèy pou fri manje, fou, chabon pou kuit nan ibachi, elatriye) ki gen sistèm evakyasyon ak sistèm pou etenn dife.	Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin	Sistèm evakyasyon pou kizin	14
		Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin	sistèm pou etenn dife pou sistèm kizin komèsyal	20
	Restoran mwen an chita kò li nan youn nan bilding sa yo: • Gen wotè ki depase 75 pye • 2 oswa plis etaj ki gen plis pase 10,000 pye kare nan nenpòt etaj • 3 etaj oswa plis ki gen plis pase 7,500 pye kare nan nenpòt etaj	Chak Inite Enspeksyon FDNY	Sistèm tiyo dlo	23

Verifye si li aplikab	Egzijans	Inite Enspeksyon nan FDNY	Sijè	Paj
	Yo trase plan restoran mwen an avèk youn nan zòn dife sa yo: • plis pase 5,000 pye kare nan gwosè • pou 300 okipan oswa plis (yon restoran/klèb ki ofri manje, bwason, mizik, yon pis dans, epi souvan yon espektak) • kabare	Chak Inite Enspeksyon nan FDNY	Sistèm ekstenktè otomatik	26
	Yo trase plan restoran mwen an avèk youn nan zòn sa yo ki kapab pran: • 300 okipan oswa plis (eksepte – espas yo bati oswa yo fè gwo chanjman ladan yo anvan 1^{ye} jiyè 2008) • 75 okipan oswa plis nan yon kabare (yon restoran/klèb ki ofri manje, bwason, mizik, yon pis dans, epi souvan yon espektak) • 75 okipan oswa plis nan yon restoran ki gen yon estrad	Chak Inite Enspeksyon nan FDNY	Sistèm alam dife	30
	Sistèm refrijerasyon nan lokal mwen an: • itilize yon refrijeran gwoup A2, A3, B1, B2 oswa B3 OSWA • li itilize yon refrijeran gwoup A1 ki gen konpresè 5 cheval vapè oswa plis OSWA yo monte li sou yon do kay oswa nan plafon nan oswa yo pandye li nan yon do kay oswa plafon.	Biwo Distri	Sistèm refrijerasyon	35
	Yo enstale distribitè soda nan lokal mwen an.	Biwo Distri	Sistèm bwason ki gen gaz kabonik	37
	Gen plis pase 74 moun ki gen Sètifika Fonksyonman Depatman Bilding delivre ki okipe restoran mwen an.	Inite ki Responsab Asanble Piblik	Kote moun rasanble	41
	Yo itilize gwo flanm dife oswa aparèy ki fè gwo flanm dife (pa egzanp, balèn, lanp a gaz, manje ki fè flanm dife, sterno, elatriye) nan lokal mwen an.	Inite ki Responsab Asanble Piblik	Flanm dife vif	44
	Yo vann/itilize chicha ki pa gen tabak nan lokal mwen an.	Inite ki Responsab Asanble Piblik	Etablisman ki Vann Chicha ki Pa Gen Tabak	47
	Yo itilize efè espesyal (piwoteknik, pwodui lazè, bouya, elatriye) nan lokal mwen an pou zafè divètisman ak tounaj fim.	Inite ki Responsab Eksplozif	Efè espesyal	49
	Mwen te estoke pwodui chimik ki danjere nan restoran mwen an, tankou bonbòn pwopàn, alkòl, kewozèn oswa kabiran solid (chabon, Sterno, elatriye).	Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin oswa Inite ki Responsab Asanble Piblik	Estokaj Pwodui Chimik ki Danjere	51

Poukisa egzijans sa yo egziste? Poukisa genyen tout egzijans sa yo?

Sa rive souvan pou gen dife ak danje nan restoran yo. Selon rechèch NFPA, yo repòte gen yon mwayèn anviwon 7,500 dife estriktirèl ki pran nan restoran yo, sa ki reprezante yon pèt 165 milyon dola chak ane Ozetazini. Pandan ane 2017 rive 2021, te gen anviwon 200 dife ki pran nan restoran nan Vil New York chak ane.

Selon FEMA (Ajans Jesyon Ijans Federal), majorite dife yo se te jou Samdi ak Dimanch yo te eklate. Majorite dife yo te eklate nan maten tou.

Dife kapab fè restoran yo fè pèt revni epi li kapab menm fè yo fèmen pòt yo nèt. Se sèlman gras ak bonjan enstalasyon, antretyen ak fòmasyon pèsonèl anplwaye yo, kliyan yo epi biznis lan kapab gen pwoteksyon kont danje.

Nou kapab di san pwoblèm nou te ka evite kèk nan dife ki pran yo. Se ekipman kizin yo ki te lakoz anviwon 60% nan dife yo. Men, anviwon yon ka nan dife sa yo te eklate akòz netwayaj ki pa te fèt.

Èske Gid sa a genyen tout règleman ak enfòmasyon pou respekte règleman FDNY yo?

Non, sa se yon rezime règleman ki enpòtan yo. Nou mete kèk nan sa ki pi komen yo, men ou kapab wè Kòd ak Règ nan zafè Dife nan Vil New York la sou sitwèb FDNY la

(<http://www1.nyc.gov/site/fdny/codes/fire-code/fire-code.page>) si ou vle jwenn plis enfòmasyon.

Anplis, règleman yo toujou ap chanje. Edisyon sa a reflete règleman aktyèl yo.

Kisa ki inik nan Gid sa a?

Fòma a gen ladan egzijans FDNY ki enpòtan ak kontravansyon abityèl ki gen pou wè ak domèn sa a, menm si enspektè yo ka aplike règleman ki pa nan Gid sa a pandan enspeksyon yo. Gid sa a kapab toujou ede pwopriyetè restoran yo evite dife epi minimize dega yo. Objektif la se fè pwopriyetè yo konnen egzijans yo pou yo ka evite amann ak lòt sanksyon yo.

Èske Gid sa a disponib nan lòt lang?

Wi, Gid sa a ap disponib nan 10 lòt lang. Ou kapab wè tout Gid yo nan lòt lang sou

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/business/support/support.page>.

Fason pou lanse yon restoran nan Vil New York

Li pa fasil pou w gen yon restoran ki pran pye nan Vil New York, epi Gid pou Lansman Restoran nan New York la kapab ede ou planifye fason ou vle lanse restoran ou an.

http://www.nyc.gov/html/nycbe/downloads/pdf/nycstarter_guide_restaurant.pdf

Pou w lanse yon restoran, sa mande pou w respekte tout règleman Vil New York yo. Ou pral oblije anboche yon achitèk ki otorize oswa yon enjenyè pwofesyonèl pou w soumèt plan yo bay Depatman Bilding Vil New York, Depatman Sante Vil New York, Ponpye Vil New York, ak Depatman Transpò Vil New York (règleman pou twotwa).

Epitou, ou gendwa jwenn plis enfòmasyon gras ak plan ki soti sou sitwèb sa a:

Itilize plan sa a pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w lanse yon restoran nan Vil New York.

<http://www1.nyc.gov/nycbusiness/startabusiness/restaurant>

Fason pou mande FDNY fè enspeksyon

Apati 9 jiyè 2021, ou dwe repwograme tout enspeksyon/ tès sistèm bilding, ak tout anilasyon yo sou sitwèb FDNY Business lan. Gade enstriksyon (anba a) sou fason pou w kòmanse.

<http://www1.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/business/test-inspection-request.pdf>

FDNY Business egzije pou gen yon kont itilizatè sou NYC.gov (NYCID). Apre ou fin kreye yon nouvo kont, ou kapab konekte nan kont FDNY business ou an pou w mande fè yon enspeksyon oswa chèche enfòmasyon sou pèmi ou an:

<http://fires.fdnyccloud.org/CitizenAccess/SAML/NYCIDLogin.aspx>

Aplikasyon pou Sètifika Aptitud (Certificate of Fitness, COF)

Si ou menm (oswa pèsonèl ou) bezwen jwenn yon Sètifika Aptitud nan men FDNY, ou ta dwe ale sou: <http://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/certificates-of-fitness.page> pou w jwenn materyèl etid la epi pou w prepare pou fè yon egzamen pou Sètifika Aptitud.

Ou kapab pran egzamen yo nan Syèj Sosyal FDNY la. Pifò egzamen pou Sètifika Aptitud yo se egzamen ou fè san pran randevou. Ou kapab peye frè egzamen yo ak kat kredi/debi, chèk oswa manda postal sèlman. Yo pa aksepte lajan kach ankò. Pou aplikan yo jwenn yon sèvis ki pi rapid, yo kapab ranpli aplikasyon an pou yo fè peman anliy sou sitwèb FDNY Business. Gade enstriksyon yo anba a pou w kòmanse.

<http://www1.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/business/fdny-business-cof-individuals.pdf>

Egzijans espesyal ki gen pou wè ak restoran pandan pandemi sa a:

Ou kapab ale sou sitwèb la anba a pou w jwenn egzijans ki ajou pou restoran pandan pandemi COVID-19 la. <http://www1.nyc.gov/nycbusiness/article/nyc-restaurant-reopening-guide>

Depatman Sèvis pou Ti Biznis (Small Business Services, SBS) Vil New York ofri konsiltasyon vityèl gratis fas-a-fas sou zafè konfòmite pou ede ou konprann fason pou w respekte prensipal règ Vil la. Ou kapab enskri gratis pou w jwenn sèvis Konsiltasyon Vityèl sou zafè Konfòmite lè ou konekte nan kont SBS Connect oswa kreye yon nouvo kont: <http://sbsconnect.nyc.gov/profile/signin/>

Kesyon oswa enkyetid

Kontakte FDNY Business (FDNY.BusinessSupport@FDNY.nyc.gov) pou w mande klarifikasyon.

LIS VERIFIKASYON

Pwodui	Lis verifikasyon	Remak
Sèvis antretyen jeneral pou sekirite kont dife nan restoran		
Pa gen anyen ki bloke pòt antre, koulwa ak pòt sòti yo.	☐ Wi; ☐ Non	
Ekstenktè pòtab ki obligatwa yo enstale kòmsadwa.	☐ Wi; ☐ Non	
Fè fòmasyon pou pèsònèl restoran an		
Tout manm pèsònèl restoran an konnen bon fason pou yo • Itilize ekstenktè pòtab yo; • itilizasyon tout eleman ki nan sistèm pou retire grès la; • netwaye filtè yo; • aktive sistèm pou etenn dife nan kizin lan; • rele 911 pou yo siyale sitiyasyon ijans yo (lè gen dife, lè pa gen dife, fuit gaz, elatriye); • fè moun ki gen Sètifika Aptitud ki konsène a (yo) konnen sistèm ki endike nan tiliv la ap mal fonksyone.	☐ Wi; ☐ Non	
Tout manm pèsònèl restoran an konnen kote: • ekstenktè pòtab yo ye • sòti yo ye • wout sòti yo ye	☐ Wi; ☐ Non	
Yo afiche pèmi FDNY yo epi yo ajou		
Sistèm kizin komèsyal	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sistèm refrijerasyon	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sistèm bwason an gwo ki gen gaz kabonik	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Kote moun rasanble	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Flanm dife vif	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Etablisman ki vann chicha	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Efè espesyal	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Estokaj pwodui chimik ki danjere	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Konsèvasyon dosye		
Yo afiche viyèt FDNY ki valid sou aspiratè pou kizin lan.	☐ Wi; ☐ Non	
Resi konpayi ki netwaye kapo evakyasyon an.	☐ Wi; ☐ Non	
Dosye fòmasyon anplwaye pou • itilize tout eleman ki nan sistèm pou retire grès la, • netwaye filtè yo • aktive sistèm pou etenn dife nan kizin lan	☐ Wi; ☐ Non	
Yon dosye ki montre yo fè enspeksyon, sèvis ak tèss nan sistèm pou etenn dife a.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Etikèt FDNY valid yo kole sou ekstenktè yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Etikèt yo tache sou vav kontwòl sistèm tiyo dlo/ekstenktè otomatik yo		
Dokiman ki otorize sistèm tiyo dlo an disponib.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Dokiman ki otorize sistèm ekstenktè otomatik la disponib.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Dokiman ki otorize sistèm alam dife a disponib.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Dokiman ki otorize sistèm refrijerasyon an disponib.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yon dosye ki montre yo fè enspeksyon, antretyen ak tèss nan sistèm tiyo dlo a.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	

Pwodui	Lis verifikasyon	Remak
Yon dosye ki montre yo fè enspeksyon, antretyen ak tè s nan sistèm ekstenktè otomatik la.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yon dosye ki montre yo fè enspeksyon, antretyen ak tè s nan sistèm alam dife ak detektè lafimen yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Rejis alam dife ak/oswa rejis detektè lafimen	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Pèmi Depatman Sante Vil New York pou etablisman ki vann chicha ki pa gen tabak	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo konsève afidavi ki pwouve rezistans ak dife. (obligatwa pou kote moun rasanble, flanm dife vif, etablisman ki vann chicha, efè espesyal)	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Dosye egzèsis evakyasyon si ta gen dife	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Ekstenktè pòtab		
Yo fè verifikasyon rapid pou asire ekstenktè yo ap fonksyone.	☐ Wi; ☐ Non	
Yon konpayi ekstenktè FDNY otorize fè sèvis ladan yo chak ane.	☐ Wi; ☐ Non	
Yo mete tout ekstenktè yo yon kote pou moun ka byen wè yo epi se kote sa a ki fèt pou sa epi moun kapab jwenn yo fasil.	☐ Wi; ☐ Non	
Sistèm evakyasyon pou kizin		
FDNY otorize nenpòt chanjman ki fèt nan sistèm lan epi yo byen konsève dokiman apwobasyon an.	☐ Wi; ☐ Non	
Grès ki akimile nan filtè yo fè mwens pase 1/8 pous	☐ Wi; ☐ Non	
Se manm pèsonèl ki resevwa fòmasyon ki netwaye filtè yo selon kantite fwa yo mande a.	☐ Wi; ☐ Non	
Se manm pèsonèl ki resevwa fòmasyon ki enspekte tout sistèm evakyasyon kizin komèsyal yo, filtè grès yo, manje ki kuit an gwo kantite, manje ki kuit sou kabiran solid ak tiyo evakyasyon yo selon kantite fwa yo mande a.	☐ Wi; ☐ Non	
Mwen te itilize kòd QR la pou m verifye si konpayi netwayaj kizin komèsyal mwen te anboche a sou lis konpayi FDNY otorize yo.	☐ Wi; ☐ Non	
Konpayi netwayaj la mete otokolan FDNY delivre a apre li fin fè netwayaj.	☐ Wi; ☐ Non	
Konpayi netwayaj la ba ou foto ki fèt anvan ak foto ki fèt apre ki gen dat ak lè travay la te fèt.	☐ Wi; ☐ Non	
Sistèm pou etenn dife nan kizin komèsyal		
Konpayi netwayaj FDNY otorize a netwaye grès ki akimile nan sistèm pou etenn dife a regilyèman.	☐ Wi; ☐ Non	
Se yon kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife ki gen otorizasyon ki enspekte/teste/fè sèvis nan sistèm pou etenn dife a yon (1) fwa chak 6 mwa.	☐ Wi; ☐ Non	
Yo kole yon etikèt valid nan sistèm pou etenn dife a.	☐ Wi; ☐ Non	
Yo afiche enstriksyon ak pano ki obligatwa yo.	☐ Wi; ☐ Non	
Sistèm tiyo dlo		
Yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-13/S-14 ki gen yon lisans ki di li kalifye fè enspeksyon, antretyen ak tè s ki obligatwa yo regilyèman.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo afiche pano ki obligatwa yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sistèm lan ap byen fonksyone.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	Si non, yo dwe mete an plas

Pwodui	Lis verifikasyon	Remak
		pwosedi "pa kapab sèvi" yo
Li fasil pou jwenn koneksyon ponpye fè a ak rakò tiyo yo pou itilize.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sistèm ekstenktè otomatik		
Yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-12/S-15 ki gen yon lisans ki di li kalifye pou fè enspeksyon, antretyen ak tès ki obligatwa yo regilyèman.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo afiche pano ki obligatwa yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sistèm lan ap byen fonksyone.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	Si non, yo dwe mete an plas pwosedi "pa kapab sèvi" yo
Li fasil pou jwenn koneksyon ponpye fè a pou itilize.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sistèm alam dife		
Yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-95/F-53/F-89/T-89/F-80 fè enspeksyon ak je sou sistèm alam dife yo regilyèman.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yon moun ki gen Sètifika Aptitud F-53/F-89/T-89/F-80 sipèvize pano alam dife a. (li aplikab sèlman pou sistèm alam dife ki gen sistèm komunikasyon vokal)	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yon estasyon santral FDNY otorize siveye sistèm alam dife a (li aplikab sèlman pou sistèm ki mande siveyans yo)	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yon moun ki gen yon Sètifika Aptitud S-97/S-98 yon konpayi alam dife FDNY otorize teste sistèm alam dife a regilyèman.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yon moun ki gen Sètifika Aptitud F-78/S-78/S-97/S-98 netwaye epi fè antretyen nan detektè lafimen yo regilyèman.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo afiche pano ki obligatwa yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sistèm lan ap byen fonksyone.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	Si non, yo dwe mete an plas pwosedi "pa kapab sèvi" yo
Sistèm refrijerasyon		
Yo afiche pano ki obligatwa yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sistèm bwason ki gen gaz kabonik		
Rezèvwa ak tiyo ki gen gaz kabonik ki PA andomaje epi ki pa gen anpil jiv (ti gout dlo glase) ki akimile sou gedj yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	si genyen, sa ap endike genyen yon fuit
Bonbòn gaz kabonik la anchenen nan mi an oswa yo byen mare li.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sètifika Aptitud G-82 ki valid/ki pa ekspire pou enspekte/ranpli sistèm lan.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Zòn estokaj gaz kabonik la pwòp epi yo fè antretyen ladan li.		
Yo enstale sistèm deteksyon gaz kabonik ak sistèm alam epi yo ap fonksyone.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo afiche pano avètisman.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Se yon moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 ki fòme pèsonel restoran an	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	

Pwodui	Lis verifikasyon	Remak
Kote moun rasanble		
Yo afiche sètifika kapasite, pèmi ak Sètifika Okipasyon yo kòmsadwa.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo fè antretyen nan sòti ki debloke yo, ekleraj ijans ki ap fonksyone, ale/koulwa ki lib yo kòmsadwa.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo pa estoke materyèl/fatra ki pran dife fasil nan koridò yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Ekleraj ijans ak pano sòti yo ap byen fonksyone.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Detektè lafimen, alam dife, sistèm ekstenktè otomatik, sistèm tiyo dlo ak ekstenktè yo ap fonksyone kòmsadwa.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Kantite moun ki okipe espas la pa depase kantite moun yo afiche a.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sètifika Aptitud F-03/F-04 obligatwa a afiche nan lokal la.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Sètifika Aptitud F-53/T-89/F-89 obligatwa a afiche nan lokal la (li sèlman aplikab pou sistèm alam dife ki gen sistèm komunikasyon vokal)	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Flanm dife vif		
Yo pa mete okenn bagay ki kapab pran dife fasil bòkote ekipman ki pwodui chalè oswa flanm dife vif yo.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Ekleraj ijans ak pano “sòti” yo ap byen fonksyone.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Detektè lafimen, alam dife, sistèm ekstenktè otomatik, sistèm tiyo dlo ak ekstenktè yo ap fonksyone kòmsadwa.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo konsève afidavi ki pwouve rezistans ak dife.		
Etablisman ki vann chicha		
Sètifika Aptitud F-61 la sou plas.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo pa fè twòp estokaj chabon. Yo fè bon antretyen nan zòn estokaj la. Yo estoke tout chabon yo nan yon resipyan an metal oswa yon resipyan ki pa ka pran dife fasil ki gen yon kouvèti ki byen ajiste.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo enstale alam gaz kabonik yo kòmsadwa.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Efè espesyal		
Yo enstale/mete/fè antretyen nan ekipman efè espesyal yo selon enstriksyon enspektè FDNY la.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Estokaj pwodui chimik ki danjere		
Yo pa fè twòp estokaj.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo estoke/mete tout pwodui chimik ki danjere yo nan zòn yo otorize a(yo).	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	
Yo enstale ekstenktè pòtab ki obligatwa kote yo deziyen yo epi yo debloke.	☐ Wi; ☐ Non; ☐ Pa Aplikab	

EKSTENKTÈ PÒTAB

ENTWODIKSYON

Kisa ekstenktè pòtab yo ye?

Ou pral bezwen ekstenktè Klas K yo pou dife ki pran nan kizin yo kote se grès manje, matyè gra ak luil ki brile nan gwo tanperati ki lakoz. Ekstenktè Klas K yo fèt sèlman pou yo itilize apre yo fin aktive yon sistèm entegre pou etenn dife ki kouvri. Kenbe ekstenktè Klas ABC yo nan lòt zòn yo pou tout lòt dife ki pran (papyè, bwa, plastik, kouran, elatriye).



Èske ekstenktè pòtab yo obligatwa nan restoran mwen an?

Tout restoran ki gen ekipman kizin oblije genyen omwen yon (1) ekstenktè Klas K. Epiou, yo ap oblije enstale lòt ekstenktè yo (an jeneral Klas ABC) deyò kote yo fè manje a. Ou dwe suiv enstriksyon reprezantan FDNY la bay konsènan egzijans pou ekstenktè pòtab yo.

Ki sitiyasyon danjere li ka lakoz?

Ekstenktè yo se zouti ki enpòtan anpil lè yon dife pran. Lè ou itilize yo bonè epi kòm sadwa lè yon dife fenk pran, yo kapab ede ou kontwòle ak etenn flanm dife yo anvan ou vin pa kapab kontwòle yo. Men, si w pa fè antretyen oswa sèvis ladan yo kòm sadwa, yo kapab deteryore epi pèdi nan efikasite yo avèk tan k ap pase. Lè gen yon dife ki pran yon kote, yon ekstenktè ki gen defo se dènye bagay ou bezwen. Kidonk, li enpòtan pou w enstale bon kalite ekstenktè ki ap fonksyone epi pou w kenbe tout ekstenktè yo an bon eta.

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske mwen bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY pou ekstenktè yo?

Ou pa bezwen yon Pèmi FDNY pou ekstenktè yo. Men, CHAK ekstenktè dwe gen yon etikèt FDNY estanda ki kole sou li.

Etikèt PFE estanda yo vini avèk kèk mezi sekirite, ki gen ladan:

- **Kòd QR:** Li pèmèt enspektè piblik ak enspektè FDNY yo jwenn lis konpayi FDNY otorize yo.
- **Ologram:** Li prèske enposib pou kopye.

KONSÈY:

- Yon vrè bann ologram gen yon longè 3 pous pa yon lajè ¼ pous.
- Fo etikèt yo **PA** p gen yon ologram koulè ajan kalite siperyè sou li.
- Ologram ki sou yon fo etikèt PA p chanje koulè lè ou bouje li nan limyè.



Ekstenktè Pòtab

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte ekstenktè yo oswa re-enspekte ekstenktè yo? Chak kilè?

Piske pa gen okenn egzijans pou pèmi, yo pa mande okenn frè pou yo enspekte ekstenktè yo. Men, pandan chak enspeksyon pou tout lòt pèmi FDNY yo, yo ap verifye ekstenktè yo pou asire yo respekte Kòd Prevansyon Dife a. Si yo pa respekte kòd la, Ponpye a ka pran mezi kont ou pou fè ou itilize sa ki respekte kòd yo.

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan pou mwen chwazi yon konpayi ki fè sèvis nan ekstenktè pòtab?

Annik achte nan yon konpayi FDNY otorize. Yo mete lis konpayi ki otorize yo ajou sou sitwèb FDNY la chak 30 jou.

Men lyen ak kòd QR a ki mennen sou sitwèb la:

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/portable-fire-extinguishers-company-certificates.page>



Ki kote yo dwe enstale ekstenktè yo?

Yo dwe mete yon ekstenktè pòtab klas K pou pi piti kote yo fè manje a. Fòk yo mete ekstenktè a nan yon distans 30 pye ak ekipman kizin komèsyal la.


Lè yo enstale yon aparèy pou fri yon kote yo fè manje, yo dwe bay ekstenktè pòtab Klas K yo konsa:

1. Pou jiska kat (4) aparèy pou fri ki gen kapasite pou kuit 80 liv manje apwen pou pi plis epi ki gen yon sifas ki 6 pye kare pou pi plis: Youn ki kapab pran yon 1 galon edmi ($\frac{1}{2}$) pou pi piti.
2. Pou chak gwoup anplis ki gen jiska kat (4) aparèy pou fri ki gen kapasite pou yo chak kuit 80 liv manje apwen pou pi plis epi ki gen yon sifas ki 6 pye kare pou pi plis yo chak: Yon ekstenktè pòtab Klas K anplis ki kapab pran yon 1 galon edmi ($\frac{1}{2}$) pou pi piti.
3. Pou chak aparèy pou fri ki gen kapasite pou kuit 80 liv manje apwen pou pi plis oswa ki gen yon sifas ki 6 pye kare: Bay ekstenktè Klas K yo selon rekòmandasyon fabrikan ekstenktè pòtab la fè yo.

Lòt kalite ekstenktè yo ap obligatwa deyò kote yo fè manje a(yo), ou dwe suiv enstriksyon enspektè FDNY la pou w enstale yo kòmsadwa.

APRE ENSTALASYON EKSTENKTÈ A (gade imaj la), ou:

- PA dwe mete li atè a;
- mete anba a nan yon distans omwen 4 pous ak atè a.
- PA dwe mete anlè a nan yon distans ki pi wo pase 5 pye ak atè a.



Ou dwe mete tout ekstenktè yo yon kote moun wè yo epi kapab jwenn yo fasil.

Ekstenktè Pòtab

Kisa ki obligatwa depi mwen fin enstale nenpòt ekstenktè?

Li obligatwa pou w fè enspeksyon mansyèl ak sèvis anyèl pou w kenbe ekstenktè yo an bon eta.

Kisa yon enspeksyon mansyèl ye epi kiyès ki kapab fè li?

Yon enspeksyon ak je se yon “verifikasyon rapid” chak mwa nenpòt moun ki resevwa fòmasyon kapab fè (yon Sètifika Aptitud PA obligatwa).

FASON POU FÈ ENSPEKSYON MANSYÈL

Lè ou ap enspekte ekstenktè yo, ou dwe verifye bagay sa yo tou:

- Yo monte yo kòmsadwa sou mi an epi nan bon kote a;
- Ou kapab jwenn yo tousuit;
- Enstriksyon yo sou plak non an ki bay sou deyò;
- Verifye si yo andomaje;
- Etikèt la tache;
- Lekti gedj presyon an nan bon limit lan (li ta dwe nan zòn vèt la);



Aprè chak enspeksyon mansyèl, ekri dat la ak inisyal yo sou etikèt ekstenktè a.

Kisa yon sèvis chak ane ye epi kiyès ki kapab fè li?


Ou dwe fè sèvis nan ekstenktè pòtab yo chak ane, nan moman tèl idwoestatik la, oswa si li dichaj, oswa si ou kapab wè ekstenktè a andomaje pandan ou ap fè yon enspeksyon mansyèl. Se yon moun ki gen Sètifika Aptitud W-96 yon konpayi ekstenktè FDNY otorize anplwaye ki dwe fè li.

Sèvis/antrètyen se yon egzamen an detay yo fè sou ekstenktè pòtab la.

Yo fè li pou asire ekstenktè a ap fonksyone kòrèkteman epi san danje. Antrètyen se yon lòt mo ki vle di yo fè reparasyon, yo rechaje oswa ranplase ekstenktè a.

Kijan pou mwen itilize ekstenktè a?

Sou etikèt ekstenktè a, ou ap jwenn enstriksyon sou fason pou byen itilize li. Itilize akwonim P.A.S.S. la pou w ka sonje fasil fason pou w itilize yon ekstenktè san danje. Rale zepeng lan nan manch lan, Vize bouch la nan baz dife a, Peze levye a dousman, Balanse li agoch adwat.



Ekstenktè Pòtab

KONSÈVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Aprè chak enspeksyon mansyèl ak sèvis anyèl, asire ou tout etikèt yo tache epi ranpli kòm sadwa. Antanke kliyan, ou ta dwe toujou gen yon resi pou sèvis oswa acha.

Resi yo ta dwe genyen ladan yo aklè:

non teknisyen ki te fè travay la; nimewo telefòn konpayi a; si ekipman yo nèf oswa yo itilize yo oparavan; nimewo modèl ekstenktè a.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

An jeneral, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan yon enspeksyon?

Chak enspektè FDNY ki fè nenpòt enspeksyon ap enspekte bagay sa yo tou:

- Yo dwe enstale ekstenktè yo kòm sadwa kote yo deziyen yo.
- Moun kapab wè ekstenktè yo epi jwenn yo fasil.
- Ekstenktè yo ap fonksyone epi yo chaje.
- Yo kole yon etikèt FDNY estanda ki valid sou chak ekstenktè.

Ki kontravansyon moun fè pi souvan ki gen pou wè ak ekstenktè yo?

- Move enstalasyon oswa move kalite ekstenktè.
- Yo pa kenbe ekstenktè yo an bon eta.
- Yo pa kole bon etikèt FDNY delivre yo.
- Yo pa fè verifikasyon rapid chak mwa.
- Etikèt FDNY delivre a ekspire.

SIYALE PWOBLÈM YO OSWA POZE KESYON

Kijan pou mwen siyale yon konpayi ilegal oswa fwod posib/bagay ki fo bay konpayi ki fè sèvis nan ekstenktè a.

Ou kapab siyale pwoblèm yo bay FDNY Business (FDNY.BusinessSupport@FDNY.nyc.gov).

SISTÈM EVAKYASYON POU KIZIN

ENTWODIKSYON

Kisa yon Sistèm Evakyasyon Pou Kizin ye?

Yon sistèm evakyasyon pou kizin, yo rele tou Aspiratè kizin, se yon sistèm ki fèt ak plizyè eleman. Premye eleman an se yon kapo ki tankou yon kanape ki pandye anlè epi sou ekipman kizin komèsyal ki nan kizin lan. Fòk li gen ladan filtè grès ki tankou aparèy ki kwape likid. Sa pral ede kenbe grès la pandan li ap retire sant yo, grès ki nan lè a, vapè, pwodui boule yo, lafimen, chalè, ak vapè evakye nan lè nan zòn kote yo fè manje nan kizin lan nan kondit ki apwouve rive jiska vantilatè evakyasyon an.



Èske sistèm sa a obligatwa nan restoran mwen an?

Fòk yo enstale sistèm evakyasyon sa a pou tout aktivite manje ki ap fèt avèk aparèy pou fè manje ki pwodui vapè/sant ak/oswa lafimen ki chaje grès.

Ki sitiyasyon danjere li ka lakoz?

Prensipal rezon ki fè dife pran nan yon (1) kizin sou 5 se paske yo pa t fè netwayaj. Si ou pa netwaye kapo ak kondwi ekstraksyon sa yo kòm sadwa, li ka lakoz yon dife pran. Si yon flanm dife pran sou fou a epi li antre an kontak avèk kapo evakyasyon an, li kapab lakoz grès ki akimile a pran dife. Piske vantilatè evakyasyon an ap mache, li aspire lè a nan kapo a, li pase nan filtè yo epi li monte nan kondit la pandan li tou trennen flanm dife a deyò li. Si gen rès grès ki rete sou deyò kondit la, li kapab sèvi kòm kabiran epi simaye dife a nan kondit la, epi petèt anndan vantilasyon evakyasyon an.

Sa pral lakoz biznis ou an fèmen jiskaske sistèm lan retounen fonksyone epi FDNY ba ou apwobasyon final pou w reprann aktivite yo.



SISTÈM EVAKYASYON POU KIZIN

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske sistèm sa a bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY?

Depatman Bilding Vil New York dwe depoze, enstale epi apwouve sistèm evakyasyon pou kizin lan. Se yon pwofesyonèl ki gen otorizasyon ki dwe fè enstalasyon aspiratè kizin yo ak lòt ekipman vantilasyon ki obligatwa yo. FDNY ankouraje pwopriyetè restoran an tou pou li pale avèk Inite Aspiratè pou Kizin nan FDNY la (FDNY.BusinessSupport@FDNY.nyc.gov) konsènan nenpòt pwoblèm enstalasyon oswa chanjman ki gen nan sistèm kizin komèsyal la.

Pandan enspeksyon preliminè a, enspektè Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin nan FDNY la ap:

- Enspekte sistèm evakyasyon kizin komèsyal la ak sistèm pou etenn dife a pou wè si li respekte plan, kòd yo apwouve/aksepte, ak espesifikasyon fabrikan an.
- Obsève tès akseptasyon sistèm pou etenn dife a.
- Obsève tès pèfòmans sistèm evakyasyon kizin komèsyal la.

FDNY ap delivre yon pèmi anyèl pou sistèm kizin komèsyal la. Yon pèmi FDNY obligatwa pou w kenbe oswa itilize sistèm kizin komèsyal yo.

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Konbyen frè a ye?

Se Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin nan Biwo Prevansyon kont Dife a ki fè enspeksyon ak tès preliminè pou delivre premye pèmi FDNY la. **Pèmi FDNY la dwe renouvle chak ane.** Se Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin lan ki refè enspeksyon yo chak ane.

Konbyen frè a ye?

- Pri Pèmi: \$70 pou chak sistèm

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan sistèm sa a pou evite sityasyon ki danjere?

Enspeksyon ak netwayaj regilye enpòtan pou w evite sityasyon ki danjere yo.

Ou dwe anboche yon konpayi FDNY otorize pou fè netwayaj nan sistèm lan.

Se konpayi ki gen otorizasyon FDNY otorize ak anplwaye sètifye yo ki dwe fè netwayaj nan kondit sistèm evakyasyon an ak lòt eleman sistèm ki anlè kapo chak twa (3) mwa oswa kantite fwa sa posib.



Yo toujou mete lis konpayi ki otorize yo ajou. Men lyen ak kòd QR a ki mennen sou sitwèb la:

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/certificates-commercial-cooking-exhaust.page>

Se anplwaye yon konpayi otorize ki gen kat Sètifika Aptitud ki valid (W-64/P-64) ki dwe fè netwayaj la. Men, se yon moun ki resevwa fòmasyon epi ki konnen (li PA oblije gen yon Sètifika Aptitud) ki dwe enspekte ak netwaye filtè grès yo.

SISTÈM EVAKYASYON POU KIZIN

Chak kilè yo ta dwe enspekte li epi kiyès ki ta dwe fè enspeksyon an?

Kalite Aparèy/Ekipman/Sistèm pou fè Manje	Kantite Fwa Minimòm pou fè Enspeksyon	Kalifikasyon
Tout sistèm evakyasyon pou kizin komèsyal, eksepte kapo ki pa gen kondit yo	Chak 3 mwa oswa kantite fwa sa posib.	Moun ki gen Sètifika Aptitud W-64/P-64 yon konpayi netwayaj FDNY otorize
Kapo ki pa gen kondit yo	Omwen yon (1) fwa chak twa (3) mwa ^a	Moun ki resevwa fòmasyon/ki gen konesans (li kapab yon manm pèsònèl restoran an)
Filtè grès	Chak Jou	Moun ki resevwa fòmasyon/ki gen konesans (li kapab yon manm pèsònèl restoran an)
Gwo kantite manje ki ap kuit ^b	Chak Semèn	Moun ki resevwa fòmasyon/ki gen konesans (li kapab yon manm pèsònèl restoran an)
	Chak mwa (kapo evakyasyon, kondit ak vantilatè)	Moun ki gen Sètifika Aptitud W-64/P-64 yon konpayi netwayaj FDNY otorize
Manje ki kuit sou kabiran solid	Chak mwa	Moun ki resevwa fòmasyon/ki gen konesans (li kapab yon manm pèsònèl restoran an)
Tiyo evakyasyon pou sistèm kizin komèsyal	Chak mwa	Moun ki resevwa fòmasyon/ki gen konesans (li kapab yon manm pèsònèl restoran an)

- a. ou ka oblije fè li pi souvan selon kondisyon sètifika apwobasyon an ak enstriksyon fabrikan an
b. Se yon pratik ki rekòmande pou aparèy ki pwodui yon gwo kantite vapè ki chaje grès

Antanke pwopriyetè biznis, ou gendwa chwazi sèvi ak “peny pou mezire pwofondè grès” (gade imaj la) pou w detèmine chak ki lè ou ta dwe fè netwayaj nan biznis ou an. Anvan ou itilize peny pou mezire pwofondè grès la, ou ta dwe pale avèk konpayi sèvis ou a.



Chak kilè yo ta dwe netwaye li (rekòmandasyon FDNY)?

(1) Netwayaj filtrès grès ak lòt aparèy pou retire grès

Kalite aparèy pou retire grès	Kantite fwa minimòm pou fè netwayaj oswa ranplasman	Kalifikasyon
Filtè grès	Pou netwaye - si sa nesesè, men omwen yon (1) fwa pa mwa; oswa - lè kantite grès ki akimile a depase 1/8 pous.	Moun ki resevwa fòmasyon/ki gen konesans (li kapab yon manm pèsònèl restoran an)
Filtè grès chabon	Pou ranplase omwen yon (1) fwa chak 3 mwa*.	Moun ki gen Sètifika Aptitud W-64/P-64 yon konpayi netwayaj FDNY otorize
Aparèy pou retire grès-atrap grès	Pou netwaye omwen yon (1) fwa pa semèn.	Moun ki resevwa fòmasyon/ki gen konesans (li kapab yon manm pèsònèl restoran an)
Aparèy pou retire grès- tout lòt kalite aparèy/ ekipman/sistèm pou retire grès	Pou netwaye omwen yon (1) fwa pa mwa.	Moun ki resevwa fòmasyon/ki gen konesans (li kapab yon manm pèsònèl restoran an)

* Ou ka bezwen fè plis netwayaj selon sètifika apwobasyon an oswa enstriksyon fabrikan an.

SISTÈM EVAKYASYON POU KIZIN

(2) sistèm evakyasyon nan diferan kalite kizin komèsyal

Kalite kizin komèsyal	Netwayaj ki Obligatwa	Kantite fwa minimòm pou fè netwayaj	Kalifikasyon
Gwo kantite manje ki ap kuit	- Tout kapo yo; - Tout kondit evakyasyon yo ak vantilatè yo pou yon distans 3 etaj anlè kizin sa a; - Tout koud kondit evakyasyon yo ak lòt pati orizontal nan tout etaj yo; - Tout aparèy pou kontwòl emisyon.	Chak 3 mwa	Moun ki gen Sètifika Aptitud W-64/P-64 yon konpayi netwayaj FDNY otorize
	Kondit evakyasyon ak vantilatè nan etaj ki nan yon distans ki plis pase 3 etaj anlè kizin sa a	Chak 3 mwa	Moun ki gen Sètifika Aptitud W-64/P-64 yon konpayi netwayaj FDNY otorize
Tout lòt kizin komèsyal yo	- Tout kapo yo; - Tout kondit evakyasyon yo ak vantilatè yo pou yon distans 3 etaj anlè kizin sa a; - Tout koud kondit evakyasyon yo ak lòt pati orizontal nan tout etaj yo; - Tout aparèy pou kontwòl emisyon	Chak 3 mwa	Moun ki gen Sètifika Aptitud W-64/P-64 yon konpayi netwayaj FDNY otorize
	Kondit evakyasyon ak vantilatè nan etaj ki nan yon distans ki plis pase 3 etaj anlè kizin sa a	Chak 6 mwa	Moun ki gen Sètifika Aptitud W-64/P-64 yon konpayi netwayaj FDNY otorize
Pou tout zòn ki konsène nan tout kizin komèsyal yo: Lè kantite grès ki akimile nan sistèm evakyasyon kizin komèsyal la depase 1/8 pous, ou oblije fè netwayaj anplis.			

Ki risk mwen pran si yon konpayi FDNY otorize pa fè netwayaj la?

Toudabò, ou mete biznis ou an, kliyan ou yo, sekouris yo, ak piblik la an danje. Grès lakoz dife pran souvan. Dife sa a kapab fè dega nan biznis ou an fasil. Ou ap pran kontravansyon si genyen kondisyon ki danjere. Anplis, konpayi asirans ou an ap gen pwoblèm pou li jere nenpòt reklamasyon ou fè.

Kijan pou mwen konnen si konpayi sèvis la te fè yon bon travay netwayaj?

Fè konpayi a la ba ou foto ki fèt anvan ak foto ki fèt apre (gade egzanp yo anba a) ki gen dat ak lè travay la te fèt. Ensiste pou w jwenn prèv. Sizoka gen yon reklamasyon, konpayi asirans ou an ka mande foto. Ensiste pou w resevwa kopi lis verifikasyon travay yo te fè pandan netwayaj la.

Kisa pèsònèl ak anplwaye restoran yo dwe konnen?

Pwopriyetè oswa direktè restoran an dwe fòme tout pèsònèl la sou bonjan pwosedi pou itilizasyon tout eleman ki nan sistèm pou retire grès la, netwayaj filtè yo, ak fonksyonman manyèl sistèm pou etenn dife a.



Heavy Grease



Light Grease

SISTÈM EVAKYASYON POU KIZIN

KONSÈVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Konpayi sèvis la oblije mete yon viyèt (gade egzanp lan nan paj ki vini annapre a) sou yon kapo oswa plizyè kapo ki idantifye:

- ✓ Konpayi sèvis la;
- ✓ Adrès ak nimewo telefòn;
- ✓ Nimewo sètifika FDNY;
- ✓ Moun ki gen Sètifika Aptitud endividyèl ki te fè netwayaj la;
- ✓ Dat li te fè netwayaj la.

VIYÈT YO PRAL METE SOU KAPO A APRE KONPAYI SÈVIS LA FIN FÈ SÈVIS LA.

Asire ou viyèt konfòmite a reyèl. Sa ki fo yo PA p gen dispozitif sekirite FDNY ki an fòm metalik lan oswa li ap parèt pi fonse. **Karak tè flou** ki sou viyèt la endike viyèt la ka FO tou, viyèt ki reyèl la ap gen yon karaktè ki cho, kalite siperyè.



Filtre Dosye Netwayaj yo

Pwopriyetè biznis lan responsab pou li kenbe tout dosye enspeksyon filtè grès yo ak netwayaj ki obligatwa yo. Dosye yo dwe genyen dat la, ak sa yo te fè a.

Konpayi netwayaj la te afiche yon viyèt jòn apre netwayaj la, kisa sa vle di? Kisa mwen dwe fè?

Si pèsònèl konpayi netwayaj la gen pwoblèm sa yo (mankman) lè li te eseye fè netwayaj la, li ap afiche viyèt ki di netwayaj la pa konfòm sou kapo a:

- Pòt aksè ki pa aksesib, ki manke, ak/oswa ki andomaje.
- Konpayi a pa kapab fè yon netwayaj FDNY egzije.
- Ou pa vle fè yo fè sèvis epi ou sèlman vle pou yo kole yon viyèt konfòmite nan kapo a pou montre li konfòm.
- Travay ki pa fini lè netwayaj la pa respekte kòd ak règleman ki obligatwa yo.



Ou dwe kon konpayi netwayaj la pou w mande yon rapò mankman pou chèche konnen sa mankman yo ye ak fason ou kapab korije yo. Si mankman an gen pou wè ak enstalasyon sistèm lan, ou dwe kontakte yon pwofesyonèl ki gen otorizasyon pou ranje oswa repara sistèm lan.

Konpayi netwayaj la oblije siyale mankman yo anndan sistèm ou an bay FDNY. Enspektè FDNY la ka fè enspeksyon sit restoran ou an. Ponpye ka pran mezi aplikasyon kont ou si ou pa aji tousuit pou w rezoud pwoblèm lan.

SISTÈM EVAKYASYON POU KIZIN

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan yo ap re-enspekte sistèm evakyasyon kizin lan?

Bagay sa yo dwe toujou sou plas:

- 1) Etikèt konpayi netwayaj aspiratè kizin ki pa ekspire epi ki valid;
- 2) Yo mete Ekstenktè Pòtab obligatwa yo bon kote ki gen pano ki apwopriye a; ak
- 3) Afichaj obligatwa: Chema kondit yo, enstriksyon pou netwayaj ak itilizasyon.

Ki rezon ki pi kouran ki fè restoran yo echwe nan enspeksyon FDNY fè chak ane a?

- Yo pa afiche pèmi FDNY la.
- Yo pa afiche viyèt FDNY delivre a.
- Sistèm lan pa menm ak enstalasyon orijinal yo otorize a.
- Twòp grès akimile nan sistèm evakyasyon pou kizin lan.

SIYALE PWOBLÈM YO OSWA POZE KESYON

Ak kiyès mwen ta dwe pale si mwen chanje/modifye sistèm kizin komèsyal mwen an?

Nenpòt modifikasyon oswa chanjman nan sistèm kizin komèsyal la dwe jwenn apwobasyon FDNY. FDNY rekòmande ak toutfòs pou w kontakte FDNY Business (FDNY.BusinessSupport@FDNY.nyc.gov) pou w mande yon konsiltasyon gratis avèk Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin anvan ou fè nenpòt chanjman nan sistèm kizin komèsyal ou an.

Kijan pou mwen siyale yon netwayaj ki pa korèk oswa fwod posib bòkote konpayi sèvis la?


Ou kapab siyale pwoblèm yo bay FDNY Business (FDNY.BusinessSupport@FDNY.nyc.gov).

SISTÈM POU ETENN DIFE NAN KIZIN KOMÈSYAL

ENTWODIKSYON

Kisa yon sistèm pou etenn dife nan kizin komèsyal ye?

Sistèm lan dwe gen ladan yon sistèm otomatik pou etenn dife ki enstale sou ekipman kizin yo kòm prensipal mwayen pwoteksyon. Sistèm pou etenn dife a konekte ak alafwa kapo ki sou pòs kizin ou an ak liy gaz ki pase nan pòs kizin lan. Fòk sistèm lan tou aktive pandan yon dife. Si sistèm pou etenn dife a aktive, liy gaz la oswa lòt sous enèji pou aparèy kizin ta dwe fèmen poukont yo. Sa ap etenn sous ki fè dife a pran. Bouch yo enstale nan sistèm vantilasyon ki nan kapo sou pòs kizin ou an libere yon pwodui yo fè espesyalman pou touye dife, ki la pou konbat dife ki pran nan grès. Genyen yon aparèy levye alamen yo kapab itilize tou pou aktive sistèm lan.




Èske sistèm sa a obligatwa nan restoran mwen an?

Tout restoran ki gen aparèy pou fè manje pwodui grès oswa lafimen oblije enstale sistèm pou etenn dife nan kizin komèsyal sa a.

Ki sitiyasyon danjere sa ka lakoz si sistèm lan pa p fonksyone? Kijan li fè rive?

Yon sistèm pou etenn dife k ap mal fonksyone pa p kapab etenn dife a byen. Kèk kalite akimilasyon grès kapab menm lakoz sistèm pou etenn dife a fonksyone pandan mekanis sistèm lan bloke. Akimilasyon grès sa a se youn nan prensipal rezon ki fè sistèm pou etenn dife nan kizin komèsyal an pàn epi li ajoute sou danje kapo ki mal netwaye yo reprezante.

Menm si sistèm pou etenn dife a fèt pou li aktive poukont li, lyen ki gen fizib la ka kase yon fason pou sistèm otomatik la pa kapab aktive. Yon manm pèsone kizin lan ki pa resevwa fòmasyon epi ki pa konnen fason pou li aktive alamen sistèm pou etenn dife a oswa fason pou li itilize ekstenktè a kapab fè gwo dega.



SISTÈM POU ETENN DIFE NAN KIZIN KOMÈSYAL

DELIVRANS AK RENOUVÈLMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske sistèm sa a bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY?

Se yon kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife Klas A oswa C Depatman Bilding Vil New York bay otorizasyon ki pou fè enstalasyon sistèm pou etenn dife nan kizin komèsyal la.

Pandan enspeksyon preliminè a, enspektè Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin nan FDNY la ap:

- Enspekte sistèm evakyasyon kizin komèsyal la ak sistèm pou etenn dife a pou wè si li respekte plan, kòd yo apwouve/aksepte, ak espesifikasyon fabrikan an.
- Obsève tès akseptasyon sistèm pou etenn dife a.
- Obsève tès pèfòmans sistèm evakyasyon kizin komèsyal la.

FDNY ap delivre yon pèmi anyèl pou sistèm kizin komèsyal la. Yon pèmi FDNY obligatwa pou w kenbe oswa itilize sistèm kizin komèsyal yo.

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Ki frè yo mande?

Se Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin nan Biwo Prevansyon kont Dife a ki fè enspeksyon ak tès preliminè pou delivre premye pèmi FDNY la. **Pèmi FDNY la dwe renouvle chak ane.** Se Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin lan ki refè enspeksyon yo chak ane.

Ki frè yo mande?

- Pri pou egzamine plan an: \$210
- Pri pou jere dokiman pou aplikasyon sistèm pou etenn dife a: \$165
- Pri pou tès akseptasyon an: \$285 (Mekanik sèlman); \$580 (Mekanik ak elektrik)
- Pri Pèmi: \$70 pou chak sistèm

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan sistèm sa a pou evite sitiyasyon ki danjere?

Netwayaj regilye, enspeksyon, pano ki apwopriye, ak fòmasyon pèsònèl se kle pou fè prevansyon sitiyasyon ki danjere.

- Ou dwe anboche yon konpayi FDNY otorize pou fè netwayaj nan sistèm lan. Se konpayi ki gen otorizasyon FDNY otorize ak anplwaye sètifye yo ki dwe fè netwayaj nan kondit sistèm evakyasyon an ak lòt eleman sistèm ki anlè kapo a.

Yo toujou mete lis konpayi ki otorize yo ajou.

Men lyen ak kòd QR a ki mennen sou sitwèb la:

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/certificates-commercial-cooking-exhaust.page>



- Ou oblije fè yon kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife ki gen otorizasyon enspekte/teste/fè sèvis nan sistèm pou etenn dife a omwen yon (1) fwa chak 6 mwa.

SISTÈM POU ETENN DIFE NAN KIZIN KOMÈSYAL

- Yon pankat ki di, “sistèm pou etenn dife a dwe aktive anvan ou itilize yon ekstenktè pòtab”. Fòk yo afiche enstriksyon pou fonksyònman manyèl sistèm pou etenn dife a, li dwe anba vit oswa plastifye, toupre aparèy aktivasyon manyèl sistèm lan. Fòk enfòmasyon yo ekri aklè epi ak presizyon.
- Fòk yo refè fòmasyon sou fason pou aktive sistèm pou etenn dife a chak 6 mwa.



KONSEVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Kontraktè a pral tcheke tout sistèm pou etenn dife ou an. Li ap ba ou yon rapò alekri sou enspeksyon an epi li ap montre ou tout defo li jwenn pandan enspeksyon an. Si sistèm lan ap byen fonksyone, kontraktè a ap ba ou yon etikèt. Etikèt sa a ap gen enfòmasyon sa yo sou li:

- Dat yo delivre li;
- Non ak nimewo lisans kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife a.
- Rapò detaye sou sèvis ak antretyen ki fèt nan sistèm lan pou di li te jwenn sistèm lan ap fonksyone byen.

Epitou, ou dwe kenbe dosye fòmasyon pèsònèl la pou fè enspeksyon anyèl la.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan yo ap re-enspekte sistèm pou etenn dife nan kizin komèsyal la?

Reprezantan FDNY la ap enspekte bagay ki anba yo:

- Dosye ki montre yo fè antretyen ak tès nan sistèm pou etenn dife a (dokiman apwobasyon yo).
- Etikèt sou bonbòn sistèm pou etenn dife a (etikèt sèvis).
- Pano/pankat ki obligatwa pou sistèm pou etenn dife a (pano ki bay enstriksyon).
- Bouch yo genyen bouchon yo epi bouch yo pwente kòmsadwa sou ekipman kizin ki deziyen yo.

Ki rezon ki pi kouran ki fè restoran yo echwe nan enspeksyon FDNY fè chak ane a?

- Twòp grès akimile nan sistèm evakyasyon pou kizin lan.
- Chanjman yo pa otorize ki fèt nan ekipman kizin yo apati plan yo apwouve okòmansman yo.
- Mank enspeksyon ak sèvis
- Ekstenktè pòtab obligatwa ki manke.

SISTÈM TIYO DLO

ENTWODIKSYON

Kisa yon sistèm tiyo dlo ye?

Yon sistèm tiyo dlo se pil tiyo yo enstale nan yon bilding ki ede transfere dlo nan koneksyon tiyo ki anndan bilding lan pou konbat dife. Yon sistèm tiyo dlo sèvi kòm vàn anndan yon bilding. Ou jwenn sistèm sa yo nan bilding komèsyal ak bilding rezidansyèl ki wo/ba, sant komèsyal, pakin, estad, depo, elatriye.



Èske sistèm sa a obligatwa nan restoran mwen an?

Depi 1968, sistèm tiyo dlo yo obligatwa nan bilding sa yo:

- Bilding ki gen wotè ki depase 75 pye
- 2 oswa plis etaj ki gen plis pase 10,000 pye kare nan nenpòt etaj
- 3 etaj oswa plis ki gen plis pase 7,500 pye kare nan nenpòt etaj

Ki sitiyasyon danjere sa ka lakoz si sistèm lan pa p fonksyone? Kijan li fè rive?

Yon sistèm tiyo dlo bay yon sous dlo ki fyab pou ponpye yo etenn oswa kontwòle yon dife ki anndan nan gratsyèl oswa gwo bilding yo. Sistèm tiyo dlo yo se pa sistèm ki gen sekirite entegre. Antretyen ki mal fèt kapab fè sistèm lan tonbe an pàn pandan l ap fonksyone. San yon sistèm tiyo dlo k ap fonksyone, ponpye yo pa p kapab deplwaye liy tiyo dlo yo rapid ni yo pa p jwenn presyon ak volim dlo ki ase pou yo atake yon dife.

Kiyès ki kapab enstale sistèm tiyo dlo a?

Se yon kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife Klas A oswa B Depatman Bilding Vil New York bay otorizasyon oswa yon bòs plonbye ekspè ki dwe fè enstalasyon sistèm lan.

DELIVRANS AK RENOUVÈLMAN PÈMI/APWOBYASYON FDNY

Èske sistèm sa a bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY?

Se Depatman Bilding ki fè premye akseptasyon an. FDNY Suppression Unit (Inite Refoulman FDNY) ap fè tèst idwostatik ak debi chak 5 lane.

Ou dwe kenbe dokiman apwobasyon Depatman Bilding lan.

SISTÈM TIYO DLO

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Ki frè yo mande?

Piske pa gen okenn egzijans pou pèmi, yo pa mande okenn frè pou sistèm tiyo dlo a. Men, chak enspeksyon pou nenpòt lòt pèmi FDNY ap toujou verifye si sistèm tiyo dlo a respekte Kòd Prevansyon kont Dife a. Sinon, Ponpye ka pran mezi kont ou pou fè ou itilize sa ki respekte kòd yo.

Anplis enspeksyon anyèl la, omwen yon (1) fwa chak 5 ane, fòk yo fè yon tès presyon idwostatik ak yon tès debi nan sistèm tiyo dlo pou montre li apwopriye pou ponpye itilize. Se yon moun ki gen yon Sètifika Aptitud S-13/S-14 avèk yon lisans bòs plonbye ekspè oswa lisans kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife (A oswa B), **nan prezans yon reprezantan Ponpye.**

Ki frè yo mande?

Pri pou temwen tès presyon idwostatik ak tès debi FDNY la:

- Tès debi: \$105
- Yon (1) koneksyon ponpye: \$365
- Chak koneksyon ponpye anplis: \$210

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan sistèm sa a pou evite sitiyasyon ki danjere?

Yon moun ki gen yon Sètifika Aptitud S-13/S-14 dwe fè yon enspeksyon, tès ak antretyen nan sistèm tiyo dlo yo regilyèman. Gen kèk travay ki ap mande lisans anplis (pa egzanp, Sètifikasyon Kalifikasyon Q-01, Plonbye Ekspè oswa kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife Klas A oswa B Depatman Bldg Vil New York bay otorizasyon, elatriye). Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade materyèl etid Sètifika Aptitud S-13/S-14.

Kisa mwen dwe fè si mwen konnen sistèm tiyo dlo a an pàn?

Epitou, yo rele yon sistèm ki an pàn sistèm deteryore. Ou dwe pran kèk dispozisyon si genyen yon pàn. Pwopriyetè a oswa kowòdonatè deteryorasyon an dwe **siveye dife a tousuit.**

Kowòdonatè deteryorasyon an dwe franchi etap sa yo pou li pwoteje okipant yo:

1. avèti moun ki gen Sètifika Aptitud ki responsab pou kontwòl antretyen sistèm pwoteksyon kont dife a;
2. dekouvri degre pàn lan ak kantite tan li ap dire;
3. enspekte zòn ki konsène yo epi evalye ogmantasyon risk yo;
4. fè pwopriyetè a rekòmandasyon;
5. avèti FDNY;
6. avèti estasyon santral la ak konpayi asirans lan si sa nesesè;
7. avèti moun ki responsab pwopriyetè a deziyen pou delivre otorizasyon pou travay ak materyèl ki cho;
8. fè yo mete yon etikèt nan chak koneksyon FDNY, vav kontwòl sistèm tiyo dlo ak sistèm ekstenktè otomatik, ki endike ki sistèm pwoteksyon kont dife, oswa pati ladan li, ki an pàn.

SISTÈM TIYO DLO

Kilè mwen ta dwe anboche yon gad dife pou siveye dife a?

Yon gad dife ki kalifye dwe gen yon Sètifika Aptitud F-01. Li pa obligatwa pou w anboche yon gad dife pandan 4 premye èdtan yo apre yon pàn lè zòn ki konsène pa depase 50,000 pye kare. Nenpòt manm pèsònèl bilding lan ki resevwa fòmasyon oswa ki gen konesans kapab siveye dife a si li dire mwens pase 4 èdtan epi zòn ki konsène a mwens pase 50,000 pye kare. Men, si zòn ki konsène a depase 50,000 pye kare oswa apre 4 èdtan an pàn, gad dife F-01 an dwe fè siveyans dife a. Zòn pou chak gad dife siyonnen an pa dwe depase plis pase 50,000 pye kare ak atè a.

KONSEVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Yon moun ki Sètifika Aptitud S-13/S-14 ap enspekte, fè antretyen ak teste sistèm tiyo dlo ou an. Moun ki Sètifika Aptitud la dwe ba ou yon rapò alekri sou enspeksyon an/antretyen an/tès la.

Kat ki apwouve a dwe gen dat chak enspeksyon fèt, nimewo Sètifika Aptitud ak siyati moun ki gen Sètifika Aptitud la. Fòk ou afiche kat la nan lokal la toupre vav prensipal pou kontwòle distribisyon dlo a. Ou dwe konsève yon rapò detaye sou enspeksyon, tès ak antretyen pandan omwen 5 lane epi yo dwe disponib lè FDNY mande yo.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

An jeneral, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan yon enspeksyon?

Chak enspektè FDNY ki fè enspeksyon ap enspekte bagay sa yo tou:

- Vav kontwòl yo nan pozisyon ouvè a.
- Pa gen okenn dega fizik nan okenn pati nan sistèm lan.
- Pwosedi pou rezoud deteryorasyon yo te respekte egzijans Kòd Prevansyon kont Dife yo.
- Gen ase chalè ak limyè nan sal kontwòl la.
- Yon dosye enspeksyon/antretyen/tès nan plas li dwe ye epi li ajou.
- Sètifika Aptitud S-13/S-14 la ajou epi li valid.
- Gen yon pankat idwolik ki kole nan elevatè a.
- Tiyo ki ekspozè yo ak manch vav kontwòl yo genyen kòd koulè ki apwopriye.
- Li fasil pou jwenn pòs tiyo yo ak koneksyon ponpye yo.
- Li fasil pou jwenn koneksyon ponpye yo san pa gen anyen ki bloke ou. Bouchon yo genyen kòd koulè ki apwopriye.
- Yo afiche pano ki obligatwa yo.

Ki kontravansyon moun fè pi souvan ki gen pou wè ak sistèm tiyo a?


- Yo chanje sistèm tiyo dlo a san Depatman Bilding Vil New York pa bay apwobasyon.
- Yo pa kite vav kontwòl distribisyon dlo a ouvè.
- Koneksyon FDNY yo bloke oswa yo pa fè antretyen ladan yo kòm sadwa.
- Yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-13/S-14 avèk lisans ki kalifye pa enspekte/fè antretyen/teste sistèm tiyo dlo a.
- Lè yo pa kenbe dosye enspeksyon an/antretyen an/tès la.
- Yo pa afiche pano ki obligatwa yo kòm sadwa.

SISTÈM EKSTENKTÈ OTOMATIK

ENTWODIKSYON

Kisa yon sistèm ekstenktè otomatik ye?

Yon sistèm ekstenktè otomatik se yon sistèm pou etenn dife ki itilize dlo pi souvan kòm eleman pou etenn dife. Ou ka jwenn sistèm ekstenktè otomatik nan bilding rezidansyèl yo, magazen ki vann an detay yo, restoran yo oswa gadri yo.



Èske sistèm sa a obligatwa nan restoran mwen an?

Depi 2008, sistèm ekstenktè otomatik yo obligatwa nan bilding sa yo:

- Bilding ki gen zòn dife ki depase 5,000 pye kare.
- Bilding ki gen zòn yo deziyen pou 300 okipan oswa plis.
- nan yon kabare (yon restoran/klèb ki ofri manje, bwason, mizik, yon pis dans, epi souvan yon espektak)

Ki sitiyasyon danjere sa ka lakoz si sistèm lan pa p fonksyone? Kijan li fè rive?

Sistèm ekstenktè otomatik yo ap ede ou kontwòle dife a. Sistèm ekstenktè otomatik yo reyaji tèlman vit yo kapab redui anpil nan chalè, flannm dife ak lafimen yon dife pwodui. Men, sistèm ekstenktè otomatik yo se pa sistèm ki gen sekirite entegre. Antretyen ki mal fèt kapab fè sistèm lan tonbe an pàn pandan sitiyasyon ijans yo. Ou pa kapab kontwòle dife a san ou pa gen yon sistèm ekstenktè otomatik.

Kiyès ki kapab enstale sistèm ekstenktè otomatik la?

Se yon kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife Klas A oswa B Depatman Bilding Vil New York bay otorizasyon ki dwe fè enstalasyon sistèm ekstenktè otomatik la.

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBYASYON FDNY

Èske sistèm sa a bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY?

Se Depatman Bilding ki fè premye akseptasyon an. FDNY Suppression Unit (Inite Refoulman FDNY) ap fè tès pèfòmans yo chak 5 lane.

Ou dwe kenbe dokiman apwobasyon Depatman Bilding lan.

SISTÈM EKSTENKTÈ OTOMATIK

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Ki frè yo mande?

Piske pa gen okenn egzijans pou pèmi, yo pa mande okenn frè pou sistèm ekstenktè otomatik la. Men, chak enspeksyon pou nenpòt lòt pèmi FDNY ap toujou verifye si yo kenbe sistèm ekstenktè otomatik la an bon eta. Sinon, FDNY ka pran mezi aplikasyon kont ou.

Men, yon reprezantan FDNY ki sòti nan Suppression Unit (Inite Refoulman) ap oblije prezan pou tès sa yo yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-12/S-15 avèk yon lisans pou kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife (A oswa B):

- sistèm ekstenktè otomatik: yon tès presyon idwostatik ak yon tès debi (omwen yon (1) fwa chak 5 lane)
- sistèm ekstenktè otomatik ak tiyo ki gen lè konprime: yon tès deklanchman depi (omwen yon (1) fwa chak 5 lane)

Ki frè yo mande?

Pri pou temwen tès presyon idwostatik ak tès debi FDNY la:

Sistèm ekstenktè otomatik:

- Tès debi: \$105
- Yon (1) koneksyon FDNY: \$320
- Chak koneksyon FDNY anplis: \$275
- Tès deklanchman (pou chak vav) (pa èdtan): \$210

Sistèm ekstenktè otomatik/tiyo dlo ki melanje:

- Tès debi: \$105
- Yon (1) koneksyon FDNY: \$365 (chak koneksyon anplis: \$210)

Tès akseptasyon sistèm pou etenn dife, mekanik ak elektrik, (pou chak sistèm) (pa èdtan)

- Mous: \$210

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan sistèm sa a pou evite sitiyasyon ki danjere?

Yon moun ki gen yon Sètifika Aptitud S-12/S-15 dwe fè yon enspeksyon, tès ak antretyen nan sistèm ekstenktè otomatik la regilyèman. Gen kèk travay ki ap mande lisans anplis (pa egzanzp, Sètifikasyon Kalifikasyon Q-01, Plonbye Ekspè oswa kontraktè ekspè nan zafè tiyo pou etenn dife Klas A oswa B Depatman Bilding Vil New York bay otorizasyon, elatriye). Pou w jwenn plis enfòmasyon, gade materyèl etid Sètifika Aptitud S-12/S-15 la.

Kisa mwen dwe fè si mwen konnen sistèm ekstenktè otomatik la an pàn?

Epitou, yo rele yon sistèm ki an pàn sistèm deteryore. Ou dwe pran kèk dispozisyon si genyen yon pàn. Pwopriyetè a oswa kowòdonatè deteryorasyon an dwe **siveye dife a tousuit**.

Kowòdonatè deteryorasyon an dwe franchi etap sa yo pou li pwoteje okipan yo:

1. avèti moun ki gen Sètifika Aptitud ki responsab pou kontwòl antretyen sistèm pwoteksyon kont dife a.
2. dekouvri degre pàn lan ak kantite tan li ap dire.
3. enspekte zòn ki konsène yo epi evalye ogmantasyon risk yo.
4. fè pwopriyetè a rekòmandasyon.
5. avèti FDNY si sistèm ekstenktè otomatik la an pàn oswa pral an pàn nan plis pase yon (1) etaj nan yon bilding oswa sistèm lan an pàn oswa pral an pàn pandan plis pase 8 èdtan oswa yon lòt sistèm pwoteksyon kont dife deteryore tou.
6. avèti estasyon santral FDNY otorize a ak konpayi asirans lan si sa nesesè.
7. avèti moun ki responsab pwopriyetè a deziyen pou delivre otorizasyon pou travay ak materyèl ki cho.
8. fè yo mete yon etikèt nan chak koneksyon FDNY, vav kontwòl sistèm tiyo dlo ak sistèm ekstenktè otomatik, ki endike ki sistèm pwoteksyon kont dife, oswa pati ladan li, ki an pàn.

SISTÈM EKSTENKTÈ OTOMATIK

Kilè mwen ta dwe anboche yon gad dife pou siveye dife a?

Yon gad dife ki kalifye dwe gen yon Sètifika Aptitud F-01. Li pa obligatwa pou w anboche yon gad dife pandan 4 premye èdtan yo apre yon pàn lè zòn ki konsène pa depase 50,000 pye kare. Nenpòt manm pèsònèl bilding lan ki resevwa fòmasyon oswa ki gen konesans kapab siveye dife a si li dire mwens pase 4 èdtan epi zòn ki konsène a mwens pase 50,000 pye kare. Men, si zòn ki konsène a depase 50,000 pye kare oswa apre 4 èdtan an pàn, gad dife F-01 an dwe fè siveyans dife a. Zòn pou chak gad dife siyonnen an pa dwe depase plis pase 50,000 pye kare ak atè a.

KONSÈVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Yon moun ki Sètifika Aptitud S-12/S-15 ap enspekte, fè antretyen ak teste sistèm ekstenktè otomatik ou an. Moun ki Sètifika Aptitud la dwe ba ou yon rapò alekri sou enspeksyon an/antretyen an/tès la. Kat ki apwouve a dwe gen dat chak enspeksyon fèt, nimewo Sètifika Aptitud ak siyati moun ki gen Sètifika Aptitud la. Fòk ou afiche kat la nan lokal la toupre vav prensipal pou kontwòle distribisyon dlo a. Ou dwe konsève yon rapò detaye sou enspeksyon, tès ak antretyen pandan omwen 5 lane epi yo dwe disponib lè FDNY mande yo.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

An jeneral, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan yon enspeksyon?

Chak enspektè FDNY ki fè enspeksyon ap enspekte bagay sa yo tou:

- Vav kontwòl yo nan pozisyon ouvè a.
- Pa gen okenn dega fizik nan okenn pati nan sistèm lan.
- Pwosedi pou rezoud deteryorasyon yo te respekte egzijans Kòd Prevansyon kont Dife yo.
- Gen ase chalè ak limyè nan sal kontwòl la.
- Yon dosye enspeksyon/antretyen/tès nan plas li dwe ye epi li ajou.
- Sètifika Aptitud S-12/S-15 la ajou epi li valid.
- Gen yon pankat idwolik ki kole nan elevatè a.
- Tiyo ki ekspozè yo ak manch vav kontwòl yo genyen kòd koulè ki apwopriye.
- Li fasil pou jwenn pòs tiyo yo ak koneksyon ponpye yo.
- Li fasil pou jwenn koneksyon ponpye yo san pa gen anyen ki bloke ou. Bouchon yo genyen kòd koulè ki apwopriye.
- Yo afiche pano ki obligatwa yo.
- Genyen 6 tèt ekstenktè otomatik anplis (oswa plis jan Kòd Prevansyon kont Dife a egzije sa) ak yon wench.

SISTÈM EKSTENKTÈ OTOMATIK

Ki kontravansyon moun fè pi souvan ki gen pou wè ak sistèm ekstenktè otomatik la?

- Yo chanje sistèm ekstenktè otomatik la san Depatman Bilding Vil New York pa bay apwobasyon.
- Yo pa kite vav kontwòl distribisyon dlo a ouvè.
- Koneksyon FDNY yo bloke oswa yo pa fè antretyen ladan yo kòmsadwa.
- Tèt ekstenktè otomatik yo bloke.
- Yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-12/S-15 avèk lisans ki kalifye pa enspekte/fè antretyen/teste sistèm ekstenktè otomatik la.
- Lè yo pa kenbe dosye enspeksyon an/antretyen an/tès la.
- Yo pa afiche pano ki obligatwa yo kòmsadwa.



SISTÈM ALAM DIFE

ENTWODIKSYON

Kisa yon sistèm alam dife ye?

Yon sistèm alam dife detekte ak alète moun yo lè gen lafimen oswa dife. Aparèy yo gen ladan yo detektè lafimen, detektè chalè, limye ki ap limen tenyen, pòs alam dife alamen, pano kontwòl alam dife, elatriye. Ou souvan jwenn yo nan gadri yo, restoran yo, gratsyèl yo ak sal resepsyon yo.



Èske sistèm sa a obligatwa nan restoran mwen an?

Depi 1968, sistèm alam dife yo obligatwa nan bilding sa yo:

- 75 okipan oswa plis nan yo kabare (yon restoran/klèb ki ofri manje, bwason, mizik, yon pis dans, epi souvan yon espektak)

Depi 2008, sistèm alam dife yo obligatwa nan bilding sa yo:

- 300 okipan oswa plis
- 75 okipan oswa plis nan yo kabare (yon restoran/klèb ki ofri manje, bwason, mizik, yon pis dans, epi souvan yon espektak)

Ki sitiyasyon danjere sa ka lakoz si sistèm lan pa p fonksyone? Kijan li fè rive?

Yon sistèm alam dife ki ap fonksyone avèti okipan bilding yo bonè lè gen dife/lafimen nan bilding lan. Yon estasyon santral FDNY otorize siveye sistèm alam dife a epi estasyon santral la ap transfere siyal alam dife a bay FDNY. Sepandan, kèk restoran gendwa sèlman enstale sistèm alam dife anndan ki sèlman avèti okipan bilding yo lè gen yon dife nan bilding lan. Sistèm sa yo PA p tou voye siyal alam dife yo bay FDNY.

Sistèm alam dife yo se pa sistèm ki gen sekirite entegre. Antretyen ki mal fèt kapab fè sistèm lan tonbe an pàn pandan sitiyasyon ijans yo. San yon sistèm alam dife ki ap fonksyone, okipan yo ak/oswa FDNY pa p jwenn avètisman an bonè. Repons FDNY a kapab vini an reta.

Kiyès ki kapab enstale sistèm alam dife a?

Se kontraktè elektrik Depatman Bilding Vil New York bay otorizasyon epi yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-97/S-98 pwograme yon konpayi ki otorize anplwaye pou enstale sistèm alam dife nan Vil New York ki dwe enstale sistèm alam dife a (ki gen ladan detektè lafimen oswa detektè gaz kabonik).

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske sistèm sa a bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY?

Yon enspektè FDNY ap fè yon enspeksyon ak tès preliminè lè li ap apwouve plan an ak fè enstalasyon an pou li asire yo enstale sistèm lan kòmsadwa.

Ou kapab jwenn lis ki gen konpayi alam dife ki otorize yo nan lyen sa a:

<http://www1.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/business/approved-companies-fire-alarm-system-inspection-testing-service.pdf>

SISTÈM ALAM DIFE

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè?

Piske pa gen okenn egzijans pou pèmi, yo pa mande okenn frè pou yo enspekte sistèm alam dife a. Men, chak enspeksyon ap toujou verifye si ou kenbe sistèm alam dife a an bon eta. Si ou pa kenbe li an bon eta, Ponpye ka pran mezi aplikasyon kont restoran ou an.

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kisa mwen dwe fè sizoka alam dife a ta aktive?

1. Fèmen pòt ki mennen nan sal kote dife a ye a epi sòti nan restoran an.
2. Asire TOUT MOUN sòti avèk ou. Fèmen pòt la, men pa klete li.
3. Alète TOUT MOUN lè ou sou wout sòti a.
4. Itilize kaj eskalye ki pi pre sòti bilding lan. PA ITILIZE ASANSE sof si FDNY oswa FLSD di w fè sa.
5. **Toujou rele 911 depi ou rive yon kote ki an sekirite.** Pa mete nan tèt ou sistèm alam dife a te tou avèti FDNY.
6. Reyini avèk anplwaye/manm restoran ou yo kote ou te define alavans deyò bilding lan. Avèti ponpye yo si ou konnen gen yon moun ki manke.

Yo enstale detektè lafimen nan restoran mwen an, men èske mwen oblije fè yo enstale detektè gaz kabonik?

Jounen jodi a, lwa lokal Vil New York egzije pou tout restoran yon sistèm alam dife pwoteje dwe fè yo enstale detektè gaz kabonik anvan 07/01/21 lè restoran sa yo gen ekipman ki boule kabiran, yon pakin ki klotire, oswa yon anbakadè.

Restoran sa yo dwe tcheke 1 RCNY §908-01 oswa pale ak yon Pwofesyonèl Konsepsyon ki Anrejistre (pa egzanp, enjenyè pwofesyonèl oswa achitèk) pou yo konnen kote yo dwe enstale detektè gaz kabonik yo.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen te resevwa yon sitasyon paske mwen pa enstale detektè lafimen/gaz kabonik ki obligatwa yo?

Al gade nan <http://www1.nyc.gov/assets/fdny/downloads/pdf/business/tips-fire-alarm-systems.pdf>

Etap ki esansyèl yo:

- a) Anboche yon enjenyè pwofesyonèl ki gen otorizasyon epi ki anrejistre nan Eta New York pou li kreye yon dosye epi fè desen yo.
- b) Jwenn apwobasyon Egzamen Plan Alam Dife a.
- c) Anboche yon konpayi instalasyon ki gen otorizasyon pou enstale aparèy yo, teste aparèy yo alavans, mande fè yon espeksyon.
- d) Jwenn apwobasyon Inite Enspeksyon Alam Dife a.

SISTÈM ALAM DIFE

Kisa fo alam/alam nuizans lan ye? Kisa ki ka lakoz kalite alam sa a deklannche?

Yon **FO ALAM** se yon alam ki deklannche akòz yon defo oswa yon lòt kòz lè ka pa gen okenn danje toubonvre.

Men rezon komen ki fè yon detektè lafimen bay fo alam:

- Patikil ki ap boule nan manje ki ap kuit la, pa egzanp, ki soti nan bagay ki vide sot sou fou a oswa bagay ki ap griye a
- Twòp pousyè, pichon oswa mwezi akimile
- Anpil vapè anndan yon chanm ki fèmèn
- Penti plafon oswa kouch nan mi

Men rezon komen ki fè yon detektè gaz kabonik bay fo alam:

- Yo mete detektè a(yo) twò pre yon aparèy ki sèvi ak gaz.
- Vapè ki sòti nan sibstans sa yo ki nan kay la: penti, tinè penti, adezif, espre pou cheve, pafen ki fò, plòg ak lòt pwodui pou konbat move odè nan lè, ak sòlvan pou netwaye kay ki gen sant fò tankou pine.

Ki konsekans fo alam yo genyen?

Alam ki pa nesesè oswa fo alam yo ka fè enpak sou sekirite lè gen dife ak sekirite lavi nan plizyè manyè. Pa egzanp, yo ka detounen sèvis esansyèl nan ijans yo oswa yo ka fè sekouris yo mete lavi yo an danje san rezon, elatriye. Epitou, yo fè biznis sispann fonksyone. Sa ki kapab fè yo pèdi kòb, pwodiktivite epi fè piblik la di bagay ki negatif sou sistèm alam dife a. Antanke pwopriyetè yon restoran, ou responsab pou anpeche fo alam sa yo deklannche. Si detektè lafimen yo konekte ak yon sistèm alam dife ki sou kontwòl, li ilegal pou bay de (2) oswa plis alam ki pa nesesè oswa fo alam nan yon peryòd twa (3) mwa. **Ponpye ap pran mezi aplikasyon** kont ou.

Kijan yo dwe fè antretyen nan sistèm sa a pou evite sityasyon ki danjere oswa fo alam?

Antretyen regilye ak tès nan sistèm alam dife a kapab asire sistèm alam dife ou an ap fonksyone byen epi li anpeche fo alam yo deklannche.

Si yon estasyon santral kontwòle sistèm nan alam dife a, estasyon santral la ap avèti pwopriyetè si genyen erè oswa pwoblèm ki konsène sistèm lan. Sepandan, gen kèk sistèm alam dife ki pa sou kontwòl, fòk yo enspekte sistèm alam dife sa yo pi souvan. Se moun ki sètifye ki dwe fè enspeksyon, tès ak antretyen nan sistèm alam dife yo regilyèman. Anfèt, yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-95/F-53/F-89/T-89/F-80 kapab fè enspeksyon ak je li men li pa kapab fè tès ak antretyen nan sistèm lan. Se sèlman moun ki gen Sètifika Aptitud S-97/S-98 yon konpayi alam dife FDNY otorize anplwaye ki kapab fè tès ak antretyen nan sistèm lan.

Anplis, moun ki gen Sètifika Aptitud F-78/S-78/S-97/S-98 yo dwe fè antretyen/netwaye detektè lafimen yo regilyèman. Ou kapab jwenn lis ki gen konpayi antretyen detektè lafimen ki otorize yo nan lyen sa a:

<http://www1.nyc.gov/site/fdny/business/all-certifications/certificates-smoke-detector-maintenance.page>

SISTÈM ALAM DIFE

Kisa mwen dwe fè si mwen konnen sistèm alam dife a an pàn?

Epitou, yo rele yon sistèm ki an pàn sistèm deteryore. Ou dwe pran kèk dispozisyon si genyen yon pàn. Pwopriyetè a oswa kowòdonatè deteryorasyon an dwe **siveye dife a tousuit**.

Kowòdonatè deteryorasyon an dwe franchi etap sa yo pou li pwoteje okipman yo:

1. avèti moun ki gen Sètifika Aptitud ki responsab pou kontwòle antretyen sistèm pwoteksyon kont dife a;
2. dekouvri degre pàn lan ak kantite tan li ap dire;
3. enspekte zòn ki konsène yo epi evalye ogmantasyon risk yo;
4. fè pwopriyetè a rekòmandasyon;
5. avèti FDNY si sistèm alam dife a an pàn oswa pral an pàn nan plis pase yon (1) etaj nan yon bilding oswa sistèm lan an pàn oswa pral an pàn pandan plis pase 8 èdtan;
6. avèti estasyon santral la ak konpayi asirans lan si sa nesèsè;
7. avèti moun ki responsab pwopriyetè a deziyen pou delivre otorizasyon pou travay ak materyèl ki cho;
8. fè yo mete yon etikèt nan chak koneksyon FDNY, vav kontwòl sistèm tiyo dlo ak sistèm ekstenktè otomatik, ki endike ki sistèm pwoteksyon kont dife, oswa pati ladan li, ki an pàn.

Kilè mwen ta dwe anboche yon gad dife pou siveye dife a?

Yon gad dife ki kalifye dwe gen yon Sètifika Aptitud F-01. Li pa obligatwa pou w anboche yon gad dife pandan 4 premye èdtan yo apre yon pàn lè zòn ki konsène pa depase 50,000 pye kare. Nenpòt manm pèsònèl bilding lan ki resevwa fòmasyon oswa ki gen konèsans kapab siveye dife a si li dire mwens pase 4 èdtan epi zòn ki konsène a mwens pase 50,000 pye kare. Men, si zòn ki konsène a depase 50,000 pye kare oswa apre 4 èdtan an pàn, gad dife F-01 an dwe fè siveyans dife a. Zòn pou chak gad dife siyonnen an pa dwe depase plis pase 50,000 pye kare ak atè a.

KONSÈVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Antanke pwopriyetè restoran an, ou responsab pou w konsève yon Rejis Alam Dife ak dosye antretyen detektè lafimen nan lokal la. Ou dwe kenbe rejis ak dosye antretyen detektè lafimen yo pandan yon peryòd 3 lane apati dat dènye anrejistreman an. Yo dwe disponib fasil pou nenpòt reprezantan FDNY enspekte yo. Rejis yo dwe gen ladan yo tout anrejistreman dekoneksyon sistèm lan, anrejistreman alam ki aktive, ak anrejistreman notifikasyon.

Moun ki gen Sètifika Aptitud S-95/F-53/F-89/T-89 dwe enspekte sistèm alam dife a regilyèman. Moun ki gen Sètifika Aptitud S-97/S-98 dwe antretyen nan sistèm alam dife ou an epi teste li. Se sèlman moun ki gen Sètifika Aptitud sa yo ki kapab fè anrejistreman nan Rejis Alam Dife yo.

Se moun ki gen Sètifika Aptitud F-78/S-78/S-97/S-98 ki dwe fè dosye antretyen detektè lafimen an.

SISTÈM ALAM DIFE

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

An jeneral, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan yon enspeksyon?

Chak enspektè FDNY ki fè enspeksyon ap enspekte bagay sa yo tou pou detèmine si:

- sistèm alam dife ou an ap fonksyone byen;
- sistèm alam dife a aksesib pou enspektè FDNY la;
- yon moun ki gen Sètifika Aptitud sipèvize sistèm alam dife a (pa egzanp, S-95/F-53/F-89/T-89/F-80);
- yon moun ki gen Sètifika Aptitud kalifye netwaye detektè lafimen yo kòmsadwa epi regilyèman (pa egzanp, F-78/S-78/S-97/S-98);
- yon konpayi alam dife FDNY otorize teste/fè antretyen nan sistèm alam dife a;
- rejis sistèm alam dife a ak rejis detektè lafimen an;

Ki kontravansyon moun fè pi souvan ki gen pou wè ak sistèm alam dife a?

- Yo chanje sistèm alam dife a san FDNY pa bay apwobasyon.
- Sistèm alam dife a pa p fonksyone byen, tankou men gen toujou:
Sistèm lan dekonekte (san rezon valab ak FDNY).
Sistèm lan bay siyal pàn.
- Yon moun ki gen Sètifika Aptitud S-95/F-53/T-89/F-89/F-80 avèk lisans kalifye a pa sipèvize sistèm alam dife a.
- Yon moun ki gen yon Sètifika Aptitud S-97/S-98 pa enspekte/fè antretyen/teste sistèm alam dife a.
- Yon moun ki gen Sètifika Aptitud F-78/S-78/S-97/S-98 pa netwaye detektè lafimen an regilyèman.
- Yo pa kenbe Rejis Alam yo.

SISTÈM REFRIJERASYON/CHOFAJ, VANTILATION AK KLIMATIZASYON

ENTWODIKSYON

Kisa yon sistèm refrijerasyon/chofaj, vantilasyon, klimatizasyon ye?

Yo souvan enstale sistèm refrijerasyon oswa sistèm chofaj, vantilasyon, klimatizasyon nan restoran, bilding komèsyal, bilding ki gen biwo ak bilding enstitisyonèl yo. Sistèm yo jeneralman jere zafè regilasyon tanperati lè a, tankou glase oswa refwadi pwodui yo. Nòmalman, sistèm refrijerasyon an bezwen itilize pwodui chimik (refrijeran) ak dlo pou retire chalè a.



Èske sistèm sa a obligatwa nan restoran mwen an?

Yo souvan enstale sistèm kontwòl klimatizasyon yo nan restoran yo pou fè moun santi yo alèz.

Ki sitiyasyon danjere sa ka lakoz si sistèm lan pa p fonksyone? Kijan li fè rive?

Risk ki vini ak itilizasyon refrijeran nan ekipman refrijerasyon ak ekipman klimatizasyon yo kapab gen ladan pwodui toksik, dife ki pran fasil, sifokasyon, ak danje fizik. Kèk ladan yo te reyaktif anpil, sa ki te lakoz aksidan (pa egzanp, fuit, eksplozyon) akòz pàn ekipman, move antretyen, oswa erè moun fè. Klimatizè yo lakoz an mwayèn 20 moun mouri, 140 moun blese, ak \$82 milyon dola dega materyèl chak ane, selon yon rapò National Fire Protection Association (Asosyasyon Nasyonal Pwoteksyon kont Dife) fè nan lane 2016. Si sistèm refrijerasyon yo travay twòp epi chofè twòp oswa genyen kèk pwoblèm elektrik, yo kapab kenbe bagay ki ap boule toupre a.

Inite ki sou do kay yo prezante danje pou ponpye yo tou: inite a ogmante chaj ki sou do kay la epi ogmantasyon chalè a ka fè estrikti sou do kay la an pàn epi fè inite a tonbe sou ponpye ki ap travay nan bilding lan.

DELIVRANS AK RENOUVÈLMAN PÈMI/APWOBYASYON FDNY

Èske sistèm sa a bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY?

Sistèm refrijerasyon. Yon pèmi FDNY obligatwa pou w enstale ak itilize yon sistèm refrijerasyon ki

- (1) itilize yon gwoup **refrijeran** A1, A2, A3, B1, B2 oswa B3, OSHA
- (2) yo monte sou **yon do kay oswa plafon** oswa yo pandye li **nan yon do kay oswa plafon**.

(Eksepsyon: Yon sistèm refrijerasyon ki gen mwens pase senk (5) Li itilize yon refrijeran gwoup A1 epi yo pa monte li sou yon do kay oswa nan plafon nan ni yo pa pandye li nan yon do kay oswa plafon).

SISTÈM REFRIJERASYON/CHOFAJ, VANTILATION AK KLIMATIZASYON

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Konbyen frè a ye?

Se Bureau of Fire Prevention District Offices (Biwo Distri ki nan Biwo Prevansyon kont Dife) ki fè enspeksyon ak tès preliminè pou delivre premye pèmi FDNY la. Pèmi FDNY la dwe renouvle chak ane. Yon Biwo Distri ap fè re-enspeksyon yo chak ane tou.

Konbyen frè a ye?

Pri Pèmi: \$105 (pou chak konpresè)

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan sistèm sa a pou evite sitiyasyon ki danjere?

Jwenn yon pèmi FDNY ki valid pou asire yo enstale/itilize sistèm lan kòmsadwa.

KONSÈVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Pou sistèm ki pa gwo pisans yo (sètadi, inite ki divize ak inite ki anbale), pwopriyetè restoran an ta dwe kenbe Sètifika Konfòmite Depatman Bilding lan (yo te rele anvan: Pèmi Itilizasyon Ekipman) pou chak inite pou montre enspektè a lè li mande.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan yo ap enspekte sistèm refrijerasyon an chak ane?

- Ou dwe kenbe sistèm lan an bon eta.
- Yo ta dwe kole plak ki gen enfòmasyon sou sistèm lan sou chak sistèm refrijerasyon.

Ki kontravansyon moun fè pi souvan ki gen pou wè ak sistèm refrijerasyon an?


- Pa gen Sètifika Konfòmite Depatman Bilding bay la
- Sistèm refrijerasyon yo pa aksesib pou enspeksyon FDNY yo (pa egzanp, pa gen nechèl pou monte ale nan inite ki sou do kay la oswa eskalye pou ale nan inite a fèmen)

SISTÈM BWASON AN GWO KI GEN GAZ KABONIK

ENTWODIKSYON

Kisa sistèm bwason an gwo ki gen gaz kabonik ye?

Anpil restoran sèvi ak Gaz Kabonik (CO₂) an gwo pou yo kabonate bwason ki pa gen alkòl yo. Distribitè bwason gazèz la, yo rele jeneralman 'Fontèn Soda' melanje siwo ki awomatize ak gaz kabonik (CO₂) avèk dlo ki fre ak pirifye. Se gaz kabonik lan ki responsab pou fè bwason an kimen.



Èske sistèm sa a obligatwa nan restoran mwen an?

Jeneralman, restoran ki gen fontèn soda yo enstale sistèm bwason ki gen gaz kabonik.

Ki sitiyasyon danjere li ka lakoz?

Nan restoran yo, te gen plizyè ensidan ki lakoz lanmò ki lye ak gaz kabonik kote gaz kabonik la te koule soti nan gwo rezèvwa estokaj ki ap sèvi distribitè bwason gazèz yo. Men sentòm ou santi lè ou ekspozè twòp ak gaz kabonik: ou gen tèt vire, tèt fè mal, anvè vom, ou respire vit, ou gen souf kout, ou respire pi fò, batman kè ou ogmante, ou manke konsantrasyon, ou ap swe, ou ajite, ou ap vom, ou ap tranble, ou bwouye, elatriye.

Kiyès ki kapab enstale sistèm bwason ki gen gaz kabonik lan?

Se yon konpayi soda ak kabonasyon oswa yon konpayi gaz konprime ki enstale, fè antretyen epi ranpli gwo rezèvwa gaz kabonik la ki dwe fè enstalasyon sistèm bwason ki gen gaz kabonik lan.

SISTÈM BWASON AN GWO KI GEN GAZ KABONIK

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske sistèm sa a bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY?

Konsepsyon ak enstalasyon, itilizasyon ak antretyen yon sistèm bwason ki gen gaz kabonik ki itilize plis pase 100 liv (874 SCF) gaz kabonik dwe respekte egzijans FDNY yo. Si kantite ki nan rezèvw gaz kabonik sistèm bwason an depase 515 liv (4,500 SCF), yon pèmi FDNY obligatwa pou estoke, jere oswa itilize gaz kabonik lan. Se yon moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 ki dwe fè enstalasyon ak antretyen nan sistèm distribisyon bwason ak presyon fèb ki gen gaz kabonik. Yon enspektè FDNY ap fè yon enspeksyon ak tès preliminè lè li ap fè enstalasyon an pou li asire yo enstale sistèm lan kòmsadwa.

Yo DWE enstale yon sistèm deteksyon gaz kabonik ak yon sistèm alam (kèlkeswa dat enstalasyon an) pou gwo rezèvw estokaj ki anba tè a. Sistèm alam lan pa oblije konekte ak pano alam prensipal la piske li endepandan epi alam lan fè pati enspeksyon Ponpye fè chak ane a.

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Konbyen frè a ye?

Se Bureau of Fire Prevention District Offices (Biwo Distri ki nan Biwo Prevansyon kont Dife) ki ap fè enspeksyon ak tès preliminè pou delivre premye pèmi FDNY la pou sistèm distribisyon bwason ki gen gaz kabonik yo. **Pèmi FDNY la dwe renouvle chak ane.** Yon Biwo Distri ap fè re-enspeksyon yo chak ane tou.

Konbyen frè a ye?

Pèmi pou estoke, jere oswa itilize sistèm distribisyon bwason ak presyon fèb ki gen gaz kabonik: \$210

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan sistèm sa a pou evite sitiyasyon ki danjere?

Se yon moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 ki dwe ranpli yon bonbòn gaz kabonik apati nenpòt sous.

Tout sistèm distribisyon bwason ki gen gaz kabonik ta dwe genyen yon sistèm deteksyon gaz kabonik ak yon sistèm alam. Yo itilize li pou alète okipan yo si gen fuit gaz kabonik ki posib, espesyalman nan zòn anba tè yo.

Yo ta dwe itilize sistèm distribisyon bwason ki gen gaz kabonik yo epi fè antretyen ladan yo konsa:

1. Yo ta dwe afiche pano avètisman yo.
2. Se yon moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 ki ta dwe fè enspeksyon regilye nan sistèm lan.
3. Se yon moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 ki ta dwe fè fòmasyon sou sekirite itilizatè regilyèman.
4. Fòk yo rele 911 sizoka ta gen yon fuit gaz kabonik.
5. Yo ta dwe pwoteje sistèm lan kont dega fizik kòmsadwa.

Si yo chanje oswa repare sistèm lan, pwopriyetè a dwe asire li moun ki fè enstalasyon an/kontraktè a depoze afidavi a nan FDNY.

Epitou, enspeksyon regilye a ap anpeche sitiyasyon ki danjere yo. Moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 ki enstale ak ranpli sistèm bwason an dwe fè yon enspeksyon rapid ak je yo sou sistèm lan omwen yon (1) fwa chak 3 mwa epi yon enspeksyon konplè owmen yon (1) fwa pa chak ane.

SISTÈM BWASON AN GWO KI GEN GAZ KABONIK

Fòmasyon pou pèsònèl

Nan moman li ap enstale yon sistèm bwason ki gen gaz kabonik, epi omwen yon (1) fwa chak ane apresya, moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 la dwe transmèt enfòmasyon sou sekirite gaz kabonik lan aloral ak alekri bay manm pèsònèl restoran yo nan lokal la pou li asire li yo konnen danje ki asosye ak sistèm lan, epi asire li yo konprann fason pou yo itilize ak kontwole sistèm lan. Pèsònèl la dwe konnen li enpòtan pou:

- (1) yo di moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 la sistèm lan ap mal fonksyone epi asire yo moun ki gen Sètifika Aptitud la enspekte ak repare sistèm lan rapid;
- (2) lè yo dekouvri yon fuit gaz kabonik ki ap soti nan sistèm lan, yo dwe rele 911 tousuit epi di moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 la sa epi fè tout moun kanpe lwen sistèm gaz kabonik lan sizoka li ta jete gaz kabonik lan.

KONSÈVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Pwopriyetè biznis lan dwe kenbe dokiman sa yo pandan omwen 3 lane:

Pou tout enstalasyon ki plis pase 100 liv gaz kabonik:

- 1) Yon etikèt oswa lòt dosye pou chak verifikasyon rapid ak enspeksyon anyèl ki endike:
 - Dat enskripsyon an;
 - Si sistèm lan ap fonksyone byen. Epi, si li pa p fonksyone byen, nenpòt pwoblèm ki mande solisyon, epi, si se wi, dat yo te rezoud pwoblèm lan epi kiyès ki fè li; epi
 - Non ak nimewo sètifika moun ki gen Sètifika Aptitud ki te fè enspeksyon an;
- 2) Non ak tit moun ki responsab nan lokal la ki resevwa fòmasyon pou li(yo) itilize sistèm lan;
- 3) Yon kopi manyèl fabrikan an pou sistèm distribisyon bwason ki gen gaz kabonik lan.

Pou enstalasyon ki plis pase 400 liv gaz kabonik: (anplis (1), (2) ak (3) anwo)

- 4) Yon kopi Afidavi (Pwokirasyon) Moun ki fè Enstalasyon an pou nouvo sistèm lan ak sistèm li chanje a oswa nenpòt aktivasyon alam ijans/fuit gaz kabonik.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan enspeksyon chak ane a?

- Bonbòn ak tiyo ki gen gaz kabonik ki PA andomaje epi ki pa gen anpil jiv (ti gout dlo glase) ki akimile sou gedj yo (si genyen, sa ap endike genyen yon fuit).
- Bonbòn gaz kabonik la anchennen nan mi an oswa yo byen mare li.
- Li gen Alam gaz kabonik, epi gaz kabonik alimante li (san erè oswa avètisman fuit).
- Zòn estokaj gaz kabonik la pwòp epi yo fè antretyen ladan li.
- Yo afiche sistèm gaz kabonik lan ak pano avètisman yo kote pou moun ka wè yo nan lokal la.
- Yo bay Sètifika Aptitud G-82 ki valid/ki pa ekspire.
- Dosye ajou pou dènye ranplisaj bonbòn gaz kabonik la/yon moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 fè verifikasyon rapid chak 3 mwa ak verifikasyon chak ane.
- Yon moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 fòme nouvo ak ansyen anplwaye yo sou sistèm gaz kabonik la chak ane.

SISTÈM BWASON AN GWO KI GEN GAZ KABONIK

Ki kontravansyon moun fè pi souvan ki gen pou wè ak sistèm gaz kabonik lan?

- Bonbòn oswa tiyo gaz kabonik lan andomaje oswa gen jiv ki akimile sou gedj yo.
- Bonbòn gaz kabonik lan pa anchennen ni yo pa byen mare li.
- Yo pa bay alam gaz kabonik lan ni li pa p fonksyone.
- Yo pa fè antretyen nan zòn estokaj gaz kabonik lan kòmsadwa.
- Yo pa afiche sistèm gaz kabonik lan ak pano avètisman yo kote ki obligatwa yo.
- Pa gen moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 ki valid ki sipèvize sistèm lan.
- Yon moun ki gen Sètifika Aptitud G-82 pa konsève epi pa verifye dosye enspeksyon an oswa ranplisaj la.
- Yo pa fòme nouvo ak ansyen anplwaye yo sou sistèm gaz kabonik lan chak ane.

KOTE MOUN RASANBLE

ENTWODIKSYON

Kisa yon kote moun rasanble ye?

Yon kote moun rasanble se kote gwo gwoup moun reyini pou yo fè yon aktivite. Nayklèb, gwo restoran, sal resepsyon, sal teyat ak oditoryòm pa menm ak biwo ki gen biwo yo paske yo genyen anpil ki nan yon espas prensipal.

Ki sitiyasyon danjere li ka lakoz?

Selon prèv yo, dife ki pran nan yon bilding ki gen anpil moun ladan touye plis moun lè li pa genyen karakteristik, sistèm ak materyo konstriksyon ki apwopriye yo. Nan listwa, nou konstaste anpil dife ki touye moun nan bilding kote moun rasanble. Pa egzanp, nan lane 1942, yon dife te pran nan yon nayklèb Boston. Nan mwens pase 15 minit, 492 moun te pèdi lavi yo epi 166 lòt te blese, sa ki fè dife sa a se dife ki touye plis moun nan nayklèb nan listwa Etazini. Nan lane 2003, dife ki te pran nan nayklèb Rhode Island lan te lakoz 100 moun mouri. Pandan yon evakyasyon ijans kote gen anpil ankonbreman, pòt sòti yo kapab vin bloke ak moun, sa ki limite sòti an. Lè ou pa kapab soti nan yon bilding pandan ou ap fè fas ak yon dife oswa lafimen, sa kapab fè ou panike.

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske kote moun rasanble bezwen yon pèmi FDNY oswa lòt apwobasyon FDNY?

Vil New York mande yon Sètifika Fonksyònman pou Kote Moun Rasanble pou tout lokal kote Sètifika Okipasyon an endike **75 okipan oswa plis (pèsonèl restoran an ladan) ka reyini anndan oswa 200 okipan oswa plis ka reyini deyò** pou regle aktivite relijyon, lwazi, edikatif, politik oswa sosyal, pou konsome manje oswa bwason, tann transpò, oswa nenpòt aktivite an gwoup ki menm jan.

Depatman Bilding (Department of Buildings, DOB) ak Ponpye (Fire Department, FDNY) sipèvize règleman espas kote moun rasanble yo. Depatman Bilding fè moun respekte Kòd Konstriksyon yo epi li fè tout egzamen ak enspeksyon yo pou li bay yon Sètifika Fonksyònman pou Kote Moun Rasanble. FDNY responsab pou li fè tout egzamen ak enspeksyon pou li bay Pèmi pou Kote Moun Rasanble pou li asire yo respekte Kòd Prevansyon kont Dife a.

Ou kapab jwenn pwosedi aplikasyon an nan lyen sa a:

http://www1.nyc.gov/assets/buildings/pdf/pa_guide.pdf

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Konbyen frè a ye?

Enspektè Depatman Bilding lan ap gade pou wè si yo respekte Kòd Konstriksyon yo, pou li ka delivre Sètifika Fonksyònman pou Kote Moun Rasanble a. Sètifika Fonksyònman pou Kote Moun Rasanble a pa ekspire. Men, apre restoran ou an fin jwenn Sètifika pou Kote Moun Rasanble a, yon Enspektè Kote Moun Rasanble FDNY ap vizite sit la nan espas kèk mwa pou li fè premye enspeksyon anyèl la epi ba ou yon Pèmi pou Kote Moun Rasanble FDNY selon rezilta enspeksyon sa a. Pèmi FDNY sa a dwe renouvle chak ane. Se Inite ki Responsab Asanble Piblik la ki ap fè enspeksyon yo.

Konbyen frè a ye?

Yo kalkile frè pou enspeksyon anyèl FDNY la sou yon echèl mobil selon kapasite a - plis moun restoran an kapab pran, se plis frè a wo. Yo mande pou tout re-enspeksyon yo \$210 pa èdtan. Dire enspeksyon an ap varye tou selon gwosè restoran an.

KOTE MOUN RASANBLE

Èske FDNY mande nenpòt lòt pèmi/Sètifika Aptitud pou nenpòt restoran manje/bwason ki gen yon pèmi pou Kote Moun Rasanble?

Yo defini yon 'kabarè' nan Vil New York tankou nenpòt sal, kote oswa espas kote yo te otorize moun fè espektak mizik, chante, danse oswa lòt fòm amizman ki lye ak biznis restoran oswa biznis ki vann piblik la manje oswa bwason dirèkteman oswa endirèkteman. Kabarè a gendwa gen ladan nayklèb, ba, ba karawoke, sal resepsyon, elatriye.

Okipasyon	Plan Chèz	Ekleraj Ijans	Sistèm Ekstenktè Otomatik Enstale epi kat Sètifika Aptitud S-12/S-15 afiche	Sistèm Alam Dife Enstale epi kat Sètifika Aptitud S-95/F-53 ^b afiche	Sou plas Pèsonèl Kote Moun Rasanble (Sètifika Aptitud F-03)	Òganizatè Egzèsis Evakyasyon (Sètifika Aptitud F-07/W-07)
Restoran	Wi	Wi	Li pa toujou obligatwa ^a	Li pa toujou obligatwa ^a	Non	Non
Kabarè (75-300 okipan)	Wi	Wi	Li pa toujou obligatwa ^a	Li pa toujou obligatwa ^a	Wi	Wi
Kabarè (plis pase 300 okipan)	Wi	Wi	Wi	Wi	Wi	Wi

- a. Si ou wè yon pano alam oswa yon tèt ekstenktè otomatik anndan restoran/kabarè ou an, ou dwe bay yon Sètifika Aptitud S-95/F-53 pou sistèm alam dife a oswa Sètifika Aptitud S-12/S-15 pou sistèm ekstenktè otomatik la.
- b. Si ou kapab fè anons nan pano alam dife a, Sètifika Aptitud F-53 a obligatwa. Si ou pa kapab fè anons nan pano alam dife a, Sètifika Aptitud S-95 la obligatwa.

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan restoran an pou evite sitiyasyon ki danjere?

- **Elabore yon plan preparasyon ijans epi fè fòmasyon regilye pou pèsonèl la.**

Pèsonèl ki sou plas la dwe konnen pwosedi ijans yo abòde nan plan an epi konnen fason pou li ede fè evakyasyon pandan nenpòt ijans.

- **Enspeksyon anvan evènman.**

Yo ka sèvi ak akwonim **ESCAPE (CHAPE)** kòm rapèl pou fè enspeksyon anvan evènman an:

E - Sòti – Tout sòti yo debloke, delòk, epi make kòm sadwa

S - Estokaj – Chanm lan pwòp, annòd epi pa gen okenn estokaj ki twòp. Yo pa estoke materyèl ki pran dife fasil ak fatra ki pran dife fasil nan koridò yo.

C - Kapasite – Kantite moun ki okipe bilding lan oswa espas la pa depase kantite moun yo afiche a. Yo afiche sètifika kapasite yo kòm sadwa.

A - Ale yo – Tout ale yo toujou pa gen moun ladan yo.

P - Pwoteksyon – Detektè lafimen, alam dife, sistèm ekstenktè otomatik, ak ekstenktè yo ap fonksyone kòm sadwa epi yo fè enspeksyon ak tès ki ajou.

E - Ekleraj sòti ijans – Tout pano sòti yo ak ekleraj sòti ijans yo ap byen fonksyone.

- Fè atansyon ak ankonbreman ki ka genyen lè ou ap kontwole kantite moun yo.

KOTE MOUN RASANBLE

KONSÈVASYON DOSYE

Ki dosye mwen dwe konsève?

Yo dwe konsève rejis evakyasyon yo nan lokal la pandan omwen twa (3) lane, yo dwe mete yo disponib pou nenpòt reprezantan FDNY enspekte.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan enspeksyon kote moun rasanble chak ane a?

Anplis chèche enspektè FDNY la ap chèche wè si yo respekte Kòd Prevansyon kont Dife pou alam dife, aspiratè pou kizin, ekstenktè otomatik ak sistèm tiyo dlo yo, li ap egzamine espas kote moun rasanble a pou li asire plan reyèl la konfòm avèk plan Depatman Bilding otorize yo. Bagay sa yo dwe toujou sou plas:

- 1) Ansanm plan ki otorize yo ak Sètifika Fonksyonman pou Kote Moun Rasanble ki soti nan Depatman Bilding
- 2) Ekleraj ijans ak pano sòti yo ap byen fonksyone
- 3) Yo afiche pano ki endike kapasite maksimòm lan
- 4) Afidavi ki Pwouve Rezistans ak Dife – Afimasyon ki di yo te trete materyèl ki nan espas Kote Moun Rasanble a (*pa egzanp*, rido, tapisri, elatriye) avèk materyèl ki reziste ak dife oswa yo teste yo pou wè si yo reziste ak dife, jan yon moun ki gen Sètifika Aptitud C-15 FDNY (moun FDNY sètifye pou fè tretman oswa tès sa a) konfime sa.

Ki rezon ki pi kouran ki fè restoran yo echwe nan enspeksyon FDNY fè chak ane a?

- Fonksyonman ki kontrè ak Sètifika Okipasyon an
- Ankonbreman (plis moun nan espas la pase kantite Kote Moun Rasanble a otorize)
- Sòti a bloke oswa fèmen
- Obstak nan chemen depasman an (chemen ki soti nan espas Kote Moun Rasanble a ale nan zòn sekirite ki reziste ak dife a, tankou eskalye oswa deyò)
- Yo pa kenbe sistèm pwoteksyon kont dife a (Alam Dife/Sistèm Ekstenktè Otomatik) an bon eta (al gade nan sistèm tiyo dlo, sistèm ekstenktè otomatik ak sistèm alam dife).
- Yo itilize, jere oswa estoke bonbòn LPG yo oswa lòt pwodui chimik ki danjere yo yon fason ki ilegal.
- Ekleraj oswa pano sòti ki manke oswa ki andomaje
- Yo pa afiche pèmi yo (*pa egzanp*, Kote Moun Rasanble, pano ki di kapasite maksimòm, Sètifika Okipasyon)
- Yo pa bay afidavi ki pwouve rezistans ak dife
- Moun ki gen Sètifika Aptitud valid la pa sou plas (Li sèlman aplikab pou kèk kalite espas Kote Moun Rasanble tankou sal resepsyon ak kabarè yo)
- Plan etaj oswa Kote Moun Rasanble yo otorize a pa sou plas
- Plan yo pa ajou apre gwo renovasyon an
- Non restoran, non pwopriyetè oswa deskripsyon itilizasyon yo obsève a pa koresponn ak dosye yo
- Yo pa kenbe sistèm aspiratè kizin lan an bon eta (al gade “sistèm evakyasyon pou kizin komèsyal”).
- Yo pa bay bon Sètifika Aptitud pou Òganizatè Egzèsis Evakyasyon (F-07/W-07) oswa Pèsonèl Kote Moun Rasanble (F-03/F-04) oswa Sistèm Ekstenktè Otomatik (S-12/S-15) oswa Sistèm Alam Dife (S-95/F-53).

FLANM DIFE VIF

ENTWODIKSYON

Ki sa yon “flanm dife vif ye”?

“Flanm dife vif” se yon flanm dife materyèl yo pwodui epi materyèl ki pa pran dife fasil byen antoure, pa egzanp,

- yon balèn ki pa antoure oswa ki antoure nan yon boul oswa yon lanp,
- yon lanp a gaz, pou fè dekorasyon ak ekleraj;
- manje ak bwason ki flanbe,
- chofe manje gras ak alkòl solid (pa egzanp, Sternos), elatriye

Yon flanm dife vif pa gen ladan yon flanm dife yo pwodui nan yon manyè ki dirab epi ki kontwole nan aparèy, ekipman ak sistèm sa yo:

- Nenpòt chemine, founèz, gri, chof ben ki cho, fou, founo oswa lòt aparèy fiks ki menm jan ak nenpòt aparèy dekorasyon a gaz ki fiks deyò, ki dwe respekte kòd konstriksyon yo ak dispozisyon kòd prevansyon kont dife ki an vigè yo (ka oblije aplike pou yon apwobasyon/pèmi FDNY diferan oswa yon apwobasyon/pèmi Depatman Bilding).
- Bagay pou fimen ki limen (gendwa oblije aplike pou yon pèmi diferan ki soti nan lòt Ajans Vil yo).



Ki sitiyasyon danjere li ka lakoz?

Lè yo pa itilize balèn, lansan ki ap boule, manje oswa bwason flanbe, ak lòt aparèy ki pwodui flanm dife vif yo kòmsadwa oswa yo kite yo san siveyans, yo kapab mete dife nan materyèl ki pran dife fasil yo epi yo kapab lakoz moun blese, yo kapab detui byen epi yo kapab menm lakoz moun pèdi lavi yo. Yon moso rad, manch, rido oswa napkin kapab pran dife tou nan yon flanm dife vif.

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske yon pèmi oswa lòt apwobasyon FDNY obligatwa pou “flanm dife vif” la?

Yon pèmi obligatwa pou itilize flanm dife vif yo:

1. nan nenpòt etablisman kote moun rasanble (etablisman ki gen Sètifika Fonksyònman pou Kote Moun Rasanble);
2. nan nenpòt lòt espas rasanbleman piblik (yo konsidere tout restoran ki kapab pran mwens pase 75 moun kòm “espas rasanbleman piblik”);
3. nan yon bilding sant komèsyal ki kouvri.

FLANM DIFE VIF

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Konbyen frè a ye?

Se Place of Assembly Unit (Inite pou Kote Moun Rasanble) ki fè enspeksyon ak tèl preliminè pou delivre premye pèmi FDNY la. Enspektè a ka enspekte plan etaj oswa plan chèz Depatman Blding otorize ki gen pou wè ak kote a. Pèmi FDNY sa a dwe renouvle chak ane. Se Inite ki Responsab Asanble Piblik la ki ap fè enspeksyon yo.

Konbyen frè a ye?

Frè pou FDNY fè enspeksyon anyèl pèmi flanm dife vif se \$210.

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan restoran an pou evite sitiyasyon ki danjere?

- Sistèm alam dife a ap fonksyone byen, si sa nesesè, ekstenktè pòtab yo.
- Pa estoke ni mete bagay ki kapab pran dife fasil bòkote ekipman ki pwodui chalè oswa flanm dife vif yo.
- Rad ki lach, rido oswa napkin ak bwat ayewosòl yo tout se egzanp materyèl ki kapab pran dife fasil oswa eksploze fasil si ou mete yo toupre flanm dife vif oswa sous chalè.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan enspeksyon flanm dife vif chak ane a?

- Pèmi pou flanm dife vif pou itilize aparèy dekorasyon, balèn sou tap, likid oswa aparèy ki sèvi ak kabiran solid.
- Flanm dife a dwe antoure epi li dwe fèt ak materyèl ki pran dife fasil.

Ou pa dwe mete balèn lan nan materyèl ki pran dife fasil.



- Ou dwe kenbe yon flanm dife vif nan yon distans sekirite pa rapò ak dekorasyon yo ak lòt materyèl ki pran dife fasil yo.
- Ou dwe entèdi balèn ki limen antre nan zòn kote okipan yo kanpe, oswa nan yon ale oswa sòti.
- Bonjan estokaj likid ki kapab pran dife oswa ki pran dife fasil yo itilize pou prepare manje oswa bwason flanbe

FLANM DIFE VIF

Ki rezon ki pi kouran ki fè restoran yo echwe nan enspeksyon FDNY fè chak ane a?

- Yo pa bay afidavi ki pwouve rezistans ak dife.
- Yo pa afiche pèmi Obligatwa yo (*pa egzantp*, pèmi pou flanm dife vif)
- Moun ki gen Sètifika Aptitud valid la pa sou plas (Li sèlman aplikab pou kèk kalite espas Kote Moun Rasanble tankou sal resepsyon ak kabare yo)
- Ekleraj oswa pano sòti ki manke oswa ki andomaje
- Plan etaj oswa Kote Moun Rasanble yo otorize a pa sou plas
- Plan yo pa ajou apre gwo renovasyon an
- Fonksyonman ki kontrè ak Sètifika Okipasyon an
- Non restoran, non pwopriyetè oswa deskripsyon itilizasyon yo obsève a pa koresponn ak dosye yo
- Obstak nan chemen depasman an (chemen ki soti nan espas Kote Moun Rasanble a ale nan zòn sekirite ki reziste ak dife a, tankou eskalye oswa deyò)
- Sòti a bloke oswa fèmen
- Ankonbreman (plis moun nan espas la pase kantite Kote Moun Rasanble a otorize)
- Yo pa kenbe sistèm pwoteksyon kont dife ki obligatwa a (Alam Dife/Sistèm Ekstenktè Otomatik) an bon eta (al gade nan sistèm tiyo dlo, sistèm ekstenktè otomatik ak sistèm alam dife).
- Yo pa kenbe sistèm aspiratè kizin lan an bon eta (al gade “sistèm evakyasyon pou kizin komèsyal”).
- Yo pa bay bon Sètifika Aptitud pou Òganizatè Egzèsis Evakyasyon (F-07/W-07) oswa Pèsonèl Kote Moun Rasanble (F-03/F-04) oswa Sistèm Ekstenktè Otomatik (S-12/S-15) oswa Sistèm Alam Dife (S-95/F-53) (aplikab sèlman pou kèk kalite espas Kote Moun Rasanble tankou sal resepsyon ak kabare).
- Yo itilize, jere oswa estoke bonbòn LPG yo yon fason ki ilegal.

ETABLISMAN KI VANN CHICHA KI PA GEN TABAK

ENTWODIKSYON

Kisa yon etablisman ki vann chicha ye?

Chicha se yon enstriman ki gen yon sèl oswa plizyè tij pou chofe oswa vaporize epi fimen apres. Lafimen an pase nan yon basen dlo, ki souvan an vè, anvan ou aspire li. **Li entèdi pou sèvi oswa fimen chicha ki gen tabak nan restoran ak ba Vil New York yo.** Jounen jodi a, Vil New York entèdi etablisman yo sèvi oswa fimen chicha ki pa gen tabak sof si yo te jwenn pèmi Depatman Sante Vil New York ak pèmi FDNY pou yo fonksyone antanke etablisman ki sèvi oswa vann chicha ki pa gen tabak.



Ki sitiyasyon danjere li ka lakoz?

Nan pifò chicha, yo mete chabon ki cho nan yon bòl anlè melas chicha a pou chofe li. Chabon yo itilize nan pwosesis chofaj la pwodui toksin lan, ki se gaz kabonik. Itilizasyon chabon an kapab reprezante yon danje dife tou si yo pa jete li kòm sadwa.

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBYASYON FDNY

Èske yon pèmi oswa lòt apwobasyon FDNY obligatwa pou yon etablisman ki vann chicha ki pa gen tabak?

Yon pèmi FDNY obligatwa pou itilize nenpòt etablisman ki vann chicha. Se sèlman etablisman sa yo ki vann chicha ki pa gen tabak epi ki gen yon pèmi Depatman Sante Vil New York yo delivre pèmi sa a. Pèmi FDNY la se pou asire yo konstui, enstale, itilize ak fè antretyen nan lokal la selon Kòd Prevansyon kont Dife Vil New York la ak Règ Ponpye yo.

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Konbyen frè a ye?

Ou dwe jwenn Prèy pou yon pèmi Depatman Sante Vil New York pou etablisman ki vann chicha ki pa gen tabak ak aplikasyon Depatman Bilding lan anvan ou aplike pou pèmi FDNY la. Se Inite ki Responsab Asanble Piblik ki fè enspeksyon preliminè pou delivre premye pèmi FDNY la pou etablisman ki vann chicha yo. **Pèmi FDNY sa a dwe renouvle chak ane.** Se Place of Assembly Unit (Inite pou Kote Moun Rasanble) ki ap fè enspeksyon yo.

Konbyen frè a ye?

Frè pou FDNY fè enspeksyon anyèl pèmi etablisman ki vann chicha yo se \$210.

ETABLISMAN KI VANN CHICHA KI PA GEN TABAK

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan restoran an pou evite sitiyasyon ki danjere?

- Omwen yon moun ki gen Sètifika Aptitud F-61 dwe sipèvize ekleraj la ak eliminasyon chabon yo epi fè sipèvizyon jeneral estokaj chabon an.
- Yo pa fè twòp estokaj choka chicha nan menm sal ak aparèy pou chofe chabon an.
- Yo dwe estoke tout chabon yo (ki gen ladan sa yo itilize oswa sa yo jete) nan yon kès/bwat an metal ki pa pran dife fasil oswa lòt kès/bwat an metal ki pa pran dife fasil ki gen yon kouvèti ki byen sere epi ki nan yon distans 3 pye ak yon fou oswa nenpòt lòt aparèy chofaj.
- Ou dwe itilize aparèy ki otorize pou limen chabon chicha (FDNY rekòmande opsyon chofaj elektrik yo).
- Pa kite kliyan yo manyen chabon chicha ki limen yo.
- Ou dwe mouye tout sann yo nèt pou etenn dife ki ka kontinye pran nan chabon ki limen yo.
- Tout dekorasyon, ki gen ladan zòn pou fimen nan yon etablisman ki vann chicha ki pa gen tabak, dwe rezistan ak flanm dife.
- Li obligatwa pou chak chanm kote yo prepare ak itilize chabon ki limen yo gen yon alam monoksid kabòn ki endike epi ki gen etikèt.
- Omwen yon ekstenktè pòtab ki genyen omwen 2A:10-B: Yo dwe bay klasman C a epi kenbe li nan yon distans depasman ki se 75 pye.

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan enspeksyon etablisman ki vann chicha li fè chak ane a?

- Pèmi FDNY pou itilize chicha nan etablisman an ak yon Sètifika Aptitud F-61.
- Pèmi Depatman Sante Vil New York pou etablisman ki vann chicha ki pa gen tabak.
- Yo pa fè twòp estokaj chabon. Yo fè bon antretyen nan zòn estokaj la.
- Yo dwe estoke tout chabon yo (ki gen ladan sa yo itilize oswa sa yo jete) nan yon kès/bwat an metal ki pa pran dife fasil oswa lòt kès/bwat an metal ki pa pran dife fasil ki gen yon kouvèti ki byen sere.
- Afidavi ki pwouve rezistans ak dife.
- Pa gen anyen ki bloke pòt antre, koulwa ak pòt sòti yo.
- Yo enstale alam gaz kabonik yo kòmsadwa.

Ki rezon ki pi kouran ki fè restoran yo echwe nan enspeksyon FDNY fè chak ane a?


- Yo pa jwenn ak afiche pèmi obligatwa yo (*pa egzantp*, pèmi FDNY ak pèmi Depatman Sante Vil New York)
- Yo pa byen jere ni itilize chicha yo.
- Yo pa byen chofe/prepare/jere/estoke chabon yo.
- Yo pa bay afidavi ki pwouve rezistans ak dife
- Yon moun ki gen Sètifika Aptitud F-61 an pa sou plas
- Yo pa kenbe alam gaz kabonik yo an bon eta.

EFÈ ESPESYAL

ENTWODIKSYON

Kisa yon efè espesyal ye?

Se yon efè moun kapab wè oswa tande yon dife/lafimen/piwotekni/similasyon aparèy piwoteknik yo itilize pou **divètisman** ak/oswa devan yon odyans oswa kamera.



Ki sitiyasyon danjere li ka lakoz?

Lè yo mete efè espesyal la sou sèn oswa egzekite li yon fason ki pa kòrèk oswa lè yo kite li san siveyans, li kapab mete dife nan materyèl ki pran dife fasil yo epi li kapab lakoz moun blese, li kapab detui byen epi li kapab menm lakoz moun pèdi lavi yo. Rido, napkin ak cheve ka pran dife nan yon flanm dife vif. Dife oswa lafimen ka pwodui vapè, lafimen toksik oswa lòt danje pou sante ki ogmante nan yon espas ki fèmen. Danje yo kapab afekte non sèlman atis yo, pèsonèl restoran yo, aktè yo, men odyans lan tou. Akòz danje a ki ogmante, yo dwe entegre flanm dife vif oswa efè piwoteknik yo nan tout konsepsyon pwodiksyon – soti nan plan restoran an, pwodui tekstil yo, rive nan zòn espektak la.

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske yon pèmi oswa lòt apwobasyon FDNY obligatwa pou efè espesyal yo?

Yon pèmi Inite ki Responsab Eksplozif nan FDNY obligatwa pou nenpòt efè espesyal. Pèmi a ap garanti:

- estokaj, jesyon ak itilizasyon kabiran ak materyèl pou efè espesyal yo;
- yon moun ki gen yon Sètifika Aptitud E-18/E-19/E-27/E-28/E-29/E-30 fè yon efè espesyal.

Antanke pwopriyetè restoran, ou dwe asire ou jwenn pèmi ki obligatwa yo anvan ou fè efè espesyal la. Kontakte FDNY Business (FDNY.BusinessSupport@FDNY.nyc.gov) pou w jwenn aplikasyon pou pèmi espesyal la.

Remak: Si efè lafimen/dife a se pou dekorasyon oswa chofe manje, ou ka mande pèmi pou flanm dife vif olye pèmi pou efè espesyal la.

EFÈ ESPESYAL

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan restoran an pou evite sitiyasyon ki danjere?

- Suiv konsèy Inite ki Responsab Eksplozif nan FDNY apre ou fin jwenn pèmi an.
- Ou dwe jete tout fatra yo selon Fèy Done Sekirite (Safety Data Sheet, SDS) ak reglèman federal, Eta ak lokal yo.
- Genyen kantite apwopriye ekstenktè ki ap fonksyone kote yo deziyen yo (jan yo preskri sa nan pèmi pou Efè Espesyal yo).
- Afidavi ki Pwouve Rezistans ak Dife – Afimasyon ki di yo te trete materyèl ki nan espas Kote Moun Rasanble a (*pa egzansp*, rido, tapisri, elatriye) avèk materyèl ki reziste ak dife oswa yo teste yo pou wè si yo reziste ak dife, jan yon moun ki gen Sètifika Aptitud C-15 FDNY (moun FDNY sètifye pou fè tretman oswa tès sa a) konfime sa.

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Ki frè yo mande?

Se Inite ki Responsab Eksplozif la ki fè enspeksyon pou delivre pèmi FDNY la pou efè espesyal yo. **Dire validite pèmi FDNY la varye epi dat la sou pèmi an.**

Ki frè yo mande?

Pèmi pou efè espesyal san prezans yon reprezantan FDNY: \$210

Pèmi pou efè espesyal avèk prezans yon reprezantan FDNY: \$420

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan enspeksyon an?

Anplis chèche enspektè FDNY la ap chèche wè si yo respekte Kòd Prevansyon kont Dife pou alam dife, aspiratè pou kizin, ekstenktè otomatik ak sistèm tiyo dlo yo, li ap egzamine espas efè espesyal la tou pou li asire li

- ekleraj ijans ak pano sòti yo ap byen fonksyone;
- yo jwenn afidavi ki pwouve rezistans ak dife;
- yo retire materyèl ki pran dife fasil oswa ki kapab pran dife yo oswa yo kouvri yo kòmsadwa;
- genyen espas ak pèsònèl ki sifizan pou sipèvize efè a;
- bon moun ki gen Sètifika Aptitud la prezan; epi
- yo estoke materyèl yo itilize pou efè espesyal la kòmsadwa.

Ou kapab kontakte FDNY Business tou (FDNY.BusinessSupport@FDNY.nyc.gov) pou w mande fè yon enspeksyon sou sit la alavans. Enspeksyon sit la alavans fèt gratis epi ou kapab pale ak enspektè FDNY la pou li evalye efè espesyal la ak zòn ki toutotou li an.

ESTOKAJ PWODUI CHIMIK KI DANJERE

ENTWODIKSYON

Kisa pwodui chimik ki danjere yo ye?

Pwodui chimik ki danjere ou jwenn souvan nan yon restoran gen ladan, men gen toujou:

- Gaz pwopàn (LPG)
- Kabiran solid, tankou bwa, bayawonn, brikèt, chabon, grenn plon, alkòl solid/kabiran pou chofe manje ki fèt ak jèl (pa egzanp, Sterno), elatriye.
- Likid ki kapab pran dife ak likid ki pran fasil, tankou alkòl (manje flanbe), kewozèn K-1, Kabiran Etanòl, elatriye.

Ki sitiyasyon danjere li ka lakoz?

Risk pou dife pran: Risk pou dife pran an ogmante nan kizin ki gen kabiran solid yo paske yo pwodui yon gwo kantite chalè, lafimen, grès, ak debri ki kapab pran dife.

Risk pou lasante: Kabiran solid ki ap boule kapab ogmante nivo monoksid kabòn anndan restoran oswa etablisman an.

DELIVRANS AK RENOUVELMAN PÈMI/APWOBASYON FDNY

Èske yon pèmi oswa lòt apwobasyon FDNY obligatwa pou estokaj/jesyon/itilizasyon pwodui chimik ki danjere?

Pèmi FDNY la ap obligatwa pou estoke/jere/itilize pwodui chimik danjere sa yo nan kantite ki depase kantite ki nan tablo anba a.

Pwodui chimik ki danjere	Kantite
LPG	Karannsis resipyan 16.4 ons
Likid ki kapab pran dife (pa egzanp, alkòl, Etanòl)	5 galon
Likid ki pran dife fasil (pa egzanp, kewozèn)	10 galon

Si yon pèmi obligatwa pou materyèl ki endike anwo a, enspektè FDNY la ap mande pou gen kèk moun ki gen Sètifika Aptitud (pou materyèl espesifik la) sou plas. Ou dwe suiv enstriksyon reprezantan FDNY la bay konsènan egzijans pou Sètifika Aptitud la.

Ki inite nan FDNY ki pral enspekte oswa re-enspekte? Chak kilè? Konbyen frè a ye?

Ka se Inite ki Responsab Aspiratè pou Kizin lan (si estokaj sa a gen pou wè ak kizin komèsyal) oswa Inite ki Responsab Kote Moun Rasanble a (si estokaj sa a gen pou wè ak etablisman ki vann chicha oswa ak flanm dife vif) ki fè enspeksyon ak tès preliminè pou delivre premye pèmi FDNY la pou estoke pwodui chimik ki danjere yo. **Pèmi FDNY sa a dwe renouvle chak ane.**

Inite ki Responsab Eksplozif la ka fè enspeksyon pou estoke pwodui chimik ki danjere piske yo gen rapò ak efè espesyal yo.

Konbyen frè a ye?

Frè pèmi pou diferan kalite ak kantite pwodui chimik ki danjere yo pa menm. Kontakte FDNY Business (FDNY.BusinessSupport@FDNY.nyc.gov) pou w mande klarifikasyon.

ESTOKAJ PWODUI CHIMIK KI DANJERE

ANTRETYEN AK PREKOSYON

Kijan yo dwe fè antretyen nan restoran an pou evite sitiyasyon ki danjere?

- Likid ki kapab pran dife/ki pran dife fasil:
 - Ou ka estoke pou pi plis 10 galon likid ki pran dife fasil nan lokal la kòm rezèv kabiran pou lamp, ak aparèy dekorasyon ki gen flanm dife vif ki menm jan an. Si kantite a depase 10 galon, ou dwe jwenn yon lòt pèmi FDNY.
 - Ou pa dwe itilize likid ki kapab pran dife ak likid ki pran dife fasil yo w pou limen moso chabon yo oswa lòt kabiran solid yo, oswa pou fè yo limen pi vit. Ou dwe limen kabiran sa yo nan yon fou nan kizin lan.
- Pwopàn (LPG):
 - Pou chofe ak wousi manje:
 - Bonbòn LPG yo pa dwe depase 16.4 ons.
 - Ou kapab itilize ak estoke pou pi plis 12 bonbòn LPG nan restoran an.
 - Pou demonstrasyon ak ekspozisyon tanporè.
 - Bonbòn LPG yo pa dwe depase 16.4 ons.
 - Ou kapab itilize ak estoke pou pi plis 24 bonbòn LPG nan restoran an.
 - Ou pa kapab itilize/estoke/pote okenn bonbòn 20 liv nan bilding yo oswa sou do yo. San pèmi estokaj pwopàn FDNY la, yo pa otorize ou estoke okenn bonbòn 20 liv sou plas (swa anndan/deyò).
 - Pa janm estoke okenn bonbòn pwopàn anba tè.
 - Li entèdi pou itilize pwopàn nan lari ak sou wout yo.
 - Ou dwe estoke tout bonbòn pwopàn ki pa p sèvi nan yon zòn estokaj ki otorize.
- Kabiran solid oswa materyèl ki pran dife fasil yo (pa egzanp, bwat katon, kabla, elatriye)
 - Pa janm itilize chanm trankilizasyon (Yon chanm trankilizasyon nan sistèm chofaj, vantilasyon, ak klimatizasyon se yon bwat ki konekte ak sistèm chofaj, vantilasyon, ak klimatizasyon an. Li jwe yon wòl enpòtan ki se mennen, distribiye, ak retire lè a.) pou estokaj materyèl ki pran dife fasil oswa lòt materyèl.
 - Ou dwe estoke moso chabon oswa lòt kabiran solid yo itilize pou kuit manje oswa chofe manje nan yon kès an metal. Kès sa a dwe yon kote ki fre epi ki sèk.
 - Ou pa ka kenbe pou pi plis yon kantite kabiran solid pou yon jou nan menm pyès ak ekipman ki boule kabiran solid la. Ou dwe estoke kabiran solid ki depase yon kantite pou yon jou nan yon zòn estokaj ki otorize (ou dwe estoke li nan yon zòn ki gen ekstenktè otomatik oswa nan yon kès an metal ki deyò).

ESTOKAJ PWODUI CHIMIK KI DANJERE

FASON POU EVITE KONTRAVANSYON

Jeneralman, kisa enspektè FDNY yo ap chèche pandan enspeksyon pwodui chimik ki danjere chak ane a?

- Pèmi estokaj pou estoke pwodui chimik ki danjere yo si kantite a atenn egzijans yo otorize a.
- Bonjan menaj.
- Yo pa fè twòp estokaj.
- Yo estoke tout pwodui chimik ki danjere yo kote yo dezilyen an(yo). Pa estoke pwodui chimik ki danjere nan koridò yo.
- Zòn estokaj la byen separe ak nenpòt resous ki ka mete dife ak materyèl ki pa kadre yo. Sistèm ekstenktè otomatik la pwoteje zòn lan kòmsadwa (si sa nesesè).
- Ou kapab wè ekstenktè pòtab anplis yo, yo enstale kòmsadwa, epi ou kapab jwenn yo fasil.
- Tout sòti yo debloke, delòk, epi make kòmsadwa.

Ki rezon ki pi kouran ki fè restoran yo echwe nan enspeksyon FDNY fè chak ane a?

- Yo pa afiche pèmi ki obligatwa yo.
- Yo itilize, jere oswa estoke bonbòn LPG yo oswa nenpòt lòt pwodui chimik ki danjere yon fason ki ilegal.
- Ekleraj oswa pano ki endike sòti yo ki manke oswa ki andomaje.
- Sòti a bloke oswa fèmen.
- Yo pa kenbe sistèm pwoteksyon kont dife ki obligatwa a (Alam Dife/Sistèm Ekstenktè Otomatik) an bon eta (al gade nan sistèm tiyo dlo, sistèm ekstenktè otomatik ak sistèm alam dife).

LIS SÈTIFIKA APTITID KI GEN POU WÈ AK RESTORAN

Kalite	Deskripsyon	Kilè moun ki gen Sètifika Aptitud sa a ta dwe prezan?
C-15	Sipèvizyon Tretman ki Retade Flanm Dife (Nan tout vil la)	Moun ki gen Sètifika Aptitud sa a pa bezwen prezan nan restoran an.
E-18/E-19/ E-27/E-28/ E-29/E-30	Eksplòzif/Efè Espesyal ki Gen pou Wè ak Sètifika Aptitud yo (Nan tou vil la)	Yo obligatwa sèlman lè yo enstale/fè efè espesyal yo.
F-01	Gad Dife pou Deteryorasyon (Nan tout vil la)	Li nesesè sèlman lè yon gad dife oblije fè siveyans dife a.
F-03/F-04	Pèsonèl Sekirite Kote Moun Rasanble Anndan/ Pèsonèl Sekirite Tanporè Kote Moun Rasanble	Li toujou obligatwa lè restoran an oblije gen yon pèmi pou kote moun rasanble.
F-07/W-07	Òganizatè Egzèsis Evakyasyon Ijans Lè Gen Dife ak Lè Pa Gen Dife	Li obligatwa sèlman lè yo fè egzèsis evakyasyon oswa fòmasyon pou pèsonèl la.
F-61	Sipèvizyon Etablisman ki Vann Chicha	Li toujou obligatwa lè yon restoran gen enstalasyon chicha ki otorize.
F-78/S-78	Enspeksyon, Netwayaj ak Tès Detektè Lafimen yo	Li obligatwa sèlman lè yo netwaye/enspekte detektè lafimen yo.
G-82	Enstalasyon ak Distribisyon sistèm distribisyon bwason ki gen gaz kabonik yo (nan tout vil la)	Li obligatwa sèlman lè yo ap fè enstalasyon sistèm yo oswa distribisyon gaz kabonik apati yon kamyon sitèn pou mete nan bonbòn lan nan lokal la.
S-12/S-15	Sipèvizyon Sistèm Ekstenktè Otomatik (Nan Tout Vil la) / Sipèvizyon Sistèm Ekstenktè Otomatik ki Gen Mous ak Dlo (Nan Tout Vil la)	Li obligatwa sèlman lè yo ap fè enspeksyon/antretyen/tès nan sistèm lan.
S-13/S-14	Sipèvizyon Sistèm Tiyo Dlo a	Li obligatwa sèlman lè yo ap fè enspeksyon/antretyen/tès nan sistèm lan.
S-95/F-53/ F-80/F-89/ T-89	Yo otorize Sètifika Aptitud sa yo pou sipèvize Sistèm Alam Dife yo	Li toujou obligatwa lè yo sistèm alam dife a obligatwa.
S-97/S-98	Enspeksyon, Tès ak Sèvis nan Sistèm Alam Dife	Li obligatwa sèlman lè yo ap fè antretyen/tès nan sistèm lan.
W-64/P-64	Teknisyen Ki Fè Netwayaj nan Sistèm Evakyasyon Pou Kizin Komèsyal	Li obligatwa sèlman lè yo ap fè netwayaj nan sistèm evakyasyon pou kizin komèsyal la.
W-96	Magazen ki Fè Sèvis Konplè nan Ekstenktè Pòtab	Moun ki gen Sètifika Aptitud sa a pa bezwen prezan nan restoran an.



KONFÒME AK RÈG RESTORAN FDNY YO

ESKANE KÒD QR LA POU JWENN

GID SEKIRITE KONT DIFE POU RESTORAN AN



EVITE DIFE, RETE AN SEKIRITE

Nan gid sa a, ou pral aprann:

- ✓ **ki risk dife ki asosye ak restoran**
- ✓ **kijan pou w satisfè egzijans konsènan sekirite ak dife yo**
- ✓ **kijan pou w evite jwenn yon amann pou vyolasyon**

